No. 37 — 12 September 1930 — Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

| | | |
|---|---|---|
| 1 taoen . . . | f 6,— | njoewoen kabajar roemijin. |
| $^1/_2$ „ . . . . | f 3,— | |
| 3 woelan . . | f 1,50 | |

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

# RAMA PETRUS HOEVENAARS.

### R. I. P.

Kala Djoemoewah (5 Sept. 1930) wantji djam 5 sonten, Pandjenenganipoen Rama P. Hoevenaars, séda wonten ing Semarang, djalaran gerah sepoeh sampoen sawatawis lami. Dintenipoen Setoe wantji djam $4^1/_2$ sonten, lajon kasarèkaken wonten ing Moentilan.

Margi sédanipoen Rama Hoevenaars waoe, gotrah Katholiek Welandi saha Djawi, kétjalan pamomong ingkang premati; Missie ing tanah Djawi kétjalan gegémbong ingkang mitajani.

Kados Rama van Lith swargi, Rama Hoevenaars oegi kénging kawastanan ingkang ada-ada mboebak semboeng sengganinipoen pentjaring Agami Kathoiiek dateng sadèrèk Djawi. Mèh oeger sadèrèk Katholiek Djawi langkoeng-langkoeng sadèrèk Katholiek ing Ngajogjakarta toewin ing Soerakarta, mesti wanoeh dateng Pandjenenganipoen Rama Hoevenaars swargi, sebab Pandjenenganipoen kepara lami wonten ing pradja kekalih waoe. Saha sadangoenipoen wonten ing Ngajodja toewin ing Sala, lelabetanipoen Rama swargi toemrap dateng gotrah Katholiek Welandi oetawi Djawi, kénging kawastanan boten sakedik.

Ingkang ada-ada (tjakal bakal) mentjarakən Kraton Dalem wonten ing Mendoet, poenika inggih Pandjenenganipoen.



KLISÉ: DAGBLAD MATARAM. DK.

Taoen 1896 Rama Hoevenaars rawoeh saking negari Welandi sareng-sareng kalijan Rama Engbers lan Rama van Lith swargi. Rama van Lith tetep wonten ing Moentilan, Rama Engbers wonten ing poelo Timoer, Rama Hoevenaars wonten ing Ngajogjakarta. Sareng mèh akiripoen taoen 1897, Rama Hoevenaars kapindah dateng Semarang, dados pamomongipoen sadèrèk Katholiek Djawi nggentosi swargi Rama L. Hebrans.

Wonten ing Semarang Rama Hoevenaars mempeng anggènipoen ndjembarakən Kraton Dalem. Pamoelangan Djawi ing Lampèr jasanipoen swargi Rama Hebrans, dipoenagengaken; malah jasa Grédja barang dipoen-gandèng kalijan pamoelangan waoe. Saben sonten $\pm$ djam 5 sonten sabibaripoen moelang laré-laré tjalon goeroe *(sanès moerid Kweekschool oetawi Normaalschool)*, temtoe ladjeng tindak dateng doesoen-doesoen memoelang, kadèrèkaken laré tjalon goeroe kalih oetawi tiga, kondoeripoen sok ngantos daloe. Boten namoeng wonten ing Semarang kémawon Rama Hoevenaars anggènipoen mentjaraken Kraton Dalem, malah ngantos doemoegi ing doesoen Kotakan (bawah Demak), toewin ing doesoen Baran kéringan (bawah Koedoes).

Ing woelan Juni 1899 Rama Hoevenaars pindah saking Semarang dateng Mendoet, ngantos doemoegi mèh akiripoen taoen 1905.

Salebetipoen wonten Mendoet (1899 — 1905) Rama Hoevenaars klebet katah jasanipoen; kadosta: Grédja Santo Petrus lan Paulus ingkang andjenggarang wonten sakilèning margi; dalem Pastoeran (sapoenika dados ka-Zusteran, inggih poenika dalem ageng sakilèn margi, ingkang sapoenika namoeng kanggé nampi tamoe, toewin wonten sapérangan ingkang kanggé kliniek); pamoelangan subsidie ing Mendoet, Moengkid, toewin ing Tempoeran, kasoewoen dateng negari kadadosaken pamoelangan missie, lestantoen ngantos sapriki; jasa pamoelangan ing Baraboedoer, Brongsongan, toewin ing Kadjoran. Kedjawi poenika jasa pakempalan kanggé mitoeloengi tetijang doesoen, nama *„Soeka-Darma"* lan *„Retnagoena."* Émanipoen déné pakempalan kekalih waoe boten saged widada, mangka pakempalan Soeka-Darma waoe sampoen tampi Rechtspersoon saking negeri.

Lènggaripoen Rama Hoevenaars saking Mendoet (1905), djalaran kapindah dateng Bandoeng; saking Bandoeng dateng Betawi; saking Betawi dateng Semarang; saking Semarang dateng Ngajodja; saking Ngajodja dateng Sala.

Wonten ing poendi-poendi papan padoenoenganipoen, Rama Hoevenaars tansah mempeng anggènipoen namboet karja ingkang minangka sarana ndjembaraken Kraton Dalem. Katah jejasan$^2$ tetilaranipoen; ingkang koela soemerepi kémawon: Xaverius Huize ing Betawi; R.K. Weeshuis lan Grédja ing Tjandi Semarang; Grédja alit ing Koedoes. Kedjawi poenika kabar taksih wonten malih.

Saking Sala, rèhning sampoen joeswa sepoeh, saking karsanipoen pangagenging Missie orde Jezuïet, Rama Hoevenaars kadawoehan aso wontening Samarang. Semoenipoen boten djodo kalijan hawa Semarang, tandanipoen pidjer gegerahen; ladjeng pindah dateng Ambarawa nentremaken sarira. Éwadéné kabekta sampoen joeswa sepoeh, toer kala enèmipoen mempeng ing pakarjan, kénging kawastanan boten naté aso, wonten ing Ambarawa meksa taksih gegerahen, malah saja sanget, ngantos kepeksa tetirah djedjampi dateng Hospitaal St. Elizabeth ing Tjandi Semarang.

Kala tanggal 2 Aug. 1930 koela kalijan sémah koela toewin anak koela djaler, sami mrelokaken sowan toewi dateng Hospitaal ing Tjandi, Rama taksih saged manggihi, nanging ketingalipoen sarira sampoen loengkrah, pangandikanipoen pegat-pegat, nandakaken menawi sajah sanget. Mila sowan koela boten dangoe.

Setoe (6 Sept. 1930) djam 3 sijang, koela tampi kabar menawi Rama Hoevenaars séda; dinten poenika oegi $\pm$ djam 5 sonten kasarèkaken ing Moentilan. Gela sanget raosing manah koela, déné koela kapeksa boten saged toemoet koermat ndèrèkaken lajon dateng pasaréjan, déning noedjoe wonten alangan. Boten langkoeng namoeng ndèrèk memoedji: moegi-moegi arwahipoen Rama swargi waoe sageda teroes dateng katentreman sadjati, soeméwa ing ngarsa Dalem Allah ingkang Maha soetji.

Mendoet 10 Sept. 1930.

DWIDJO ATMODJO.

## NGAOSI WANITA.

*(wangsoelan dateng C. B.).*

Ing **Correspondentieblad** no. 8, Augustus 1930 wonten karangan toemoedjoe dateng koela. Koela dipoenoengelaken boten *wetenschappelijk*. Koela takèn dateng Pangarang: wetenschappelijk poenika *definitie*-nipoen kados-poendi?

Koela wontenipoen namoeng njrijosaken *feit* (poenapa ingkang kalampah), inggih poenika jèn ing golongan Katoelik anggènipoen ngaosi wanita poenika amargi ngèngeti lan oermat dateng Dèwi Marijah, ingkang toenggil djinis (geslacht) kalijan para wanita. Wondéné *feit* poenika kénging karembag wetenschappelijk lan boten wetenschappelijk, saminipoen *feit* tetak ing golongan Islam. Jèn tetijang Islam sami tetak poenika badé karembag wetenschappelijk, poenapa Pangarang karsa ngrembag *wetenschappelijk* wonten ing C.B.? Sanget koela adjeng-adjeng.

Pangarang tjrijos: „Ing Moentilan wonten non (zuster) sandjang bilih golongan Islam boten saged nerangaken agaminipoen wewaton wetenschap." Poenika koela katah tjotjogipoen. Ing *sa*golongan (*sa*agami) Islam wonten ingkang tjrijos manawi Panoetanipoen mékrad, wonten malih ingkang tjrijos poenika dongèng; sawenèh tjrijos bilih Koer-an poenika teroesan saking Swarga, sawenèh tjrijos bilih serat-serat kaserat ing kadjeng, watjoetjal lsp. roemijin, ladjeng dipoenṭata. Pamanggih kalih warni poenika poendi ingkang wetenschappelijk? Agami Islam manoet pamanggih ingkang poendi?

Pangarang mendet tjonto Aartsbisschop van York. Sarèhné Aarstbisschop poenika boten Kath., mangka ingkang koela rembag bab agami Katoelik, mila oengelipoen Aartsbisschop waoe boten koela rèwès. Kadjawi ta jèn Aartsbisschop waoe ngrembag bab agami 'Katoelik, nanging jèn makatena, kedah mawi katrangan (argument) maton. Oengel-oengelan: „Vrouwe, wat heb ik met u te maken" poenika manoet ahli tapsir Katoelik, boten ateges ngesoraken.

Wondéné manoet Rasoel Paoloes (I Cor. XI, 3) wanita kaerèh ing tijang djaler poenika sampoen saleresipoen. Ing golongan Katoelik, wanita poenika kantja (gezellin), dédé batoer (slavin) toemrap tijang djaler, nanging ing ngatasipoen bebrajatan, tijang djaler ingkang mangagengi. Ingkang kados makaten poenika sampoen katitik: tijang djaler kodratipoen langkoeng rosa, kendel, langkoeng tjantjingan lsp. Ing agami Islam wanita sami kalijan tijang djaler (manoet Pangarang). Poenapa ing bebrajatan, tijang djaler boten mangagengi?

Bab celibaat (wadat). Wadat poenika warni kalih $1^0$ awon, inggih poenika jèn sedyanipoen badé ngoedja hawa napsoe. $2^0$. saé, inggih poenika karana Goesti Allah, soepados saja gampil pangabdinipoen dateng Pandjenenganipoen. Ingkang nomer kalih poenika manoet woelangan Katoelik langkoeng sampoerna tinimbang émah-émah. Rasoel Paoloes (ing I Cor. VII, 32 saladjengipoen) oegi moelang makaten, nanging poenika *pamrajogi*, dédé dawoeh, toer boten angger tijang saged nglampahi, Goesti Jésoes pijambak sampoen aneksèni wonten ing indjil Matéjoes XIX, 12.

Sarèhné wadat poenika namoeng pamrajogi, mila émah-émah poenika inggih saé. Rasoel Paoloes oegi neksèni (I Cor. VII, 36). Dados jèn Pangarang tjrijos, bilih tijang Kristen djaman kina mastani émah-émah poenika awon, saged namtokaken pijambak, manawi ingkang dipoenseboetaken poenika golongan ketter (moetadjilah), dédé Katoelik toelèn.

Pangarang nedahaken awoning kadadosanipoen celibaat (wadat) mendet saking serat History of the Popes door La Haye deel I bl. 131, 1846 lan saking The Light. Pangarang remen dateng wetenschap. Poenapa sampoen niti priksa: La Haye lan sanèsipoen waoe poenapa betrouwbaar (kénging dipoenpitados) poenapa boten?

Taoen 1846! Poenapa Pangarang sampoen niti priksa: La Haye waoe wewaton historische kritiek poenapa boten? Sampoen teka ladjeng teroes dipoenanggep kémawon. Poenapa Pangarang nganggep serat; „Alqauloesh-shahih" anggitanipoen Dr. Hadji Abdul Karim Amaroellah, doemèh poenika Doktor toer Doktor ing babagan agami Islam?

Bab polygamie (wajoeh). Pngngarang kedah ambédakaken *feiten* (ingkang kalampah) kalijan *leer* (piwoelang).

Praboe Dawoed, Soeléman sami wajoeh poenika feiten: God heeff de polygamie *toegelaten*, maar niet *gewild*. Kalijan malih, sampoen teka mendet Kitab-pradjandjian lami tok, nanging mendeta oegi Kitab pradjandjian énggal. Wajoeh lan pegatan poenika sampoen kasowak déning Goesti Jésoes (Markoes XII, Loekas XVI 18).

Pangarang tjrijos: „Van alles, wat den menschen veroorloofd is, zegt een gezegde van den Heiligen Profeet Mohammad „is de echtseheiding het meest door Allah gehaat."

Poenapa tegesipoen temboeng *„veroorloven"* ing ngrikoe? Jèn *veroorlooven = sanctionneeren*, poenika tetéla tjongkrah kalijan temboeng *haten*. *Sanctionneeren* kalijan *haten* poenika toemrap Goesti Allah boten saged toemindak. Poenapa *veroorlooven = toelaten?* Jèn makaten wajoeh poenika meksa kirang leres, awit Goesti Allah satengah kapeksa.

Pangarang tjrijos bilih tijang Kristen gampil anggènipoen sami pegatan.

Temboeng Kristen ing ngrikoe kedah kapilah-pilah, Katoelik poenapa dédé? Jèn Katoelik, anggènipoen pegatan temtoe boten wonten ing Grédja, nanging wonten ing kantor.

Tijang Katoelik wonten ingkang pegatan wonten ing kantor poenika nama misbruik. Poenika njebal patokan. Pangarang kedah nerangaken roemijijin bilih ingkang njebal patokan langkoeng katah tinimbang patokanipoen, jèn saged, mangké saweg kémawon kénging mastani bilih stelsel Katoelik poenika lepat.

Woesana prakawis *triman*, koela pitados dateng sandjangipoen Pangarang, bilih poenika absoluut on-Islamietisch en volstrekt niet door den Koeran gesanctionneerd, Nanging koela kalilana pitakèn: tijang ingkang angsal triman poenika toemrapipoen golongan Islam idjabipoen kalijan ingkang dipoentrimakaken waoe kaanggep *absah* (= geldig) poenapa boten?

*Petrus Soeradja*

*(tilas moerid Moentilan).*

### ISINIPOEN.

**Lembaran I.**
Rama Pastoer Hoevenaars — Ngaosi wanita — Doekoen — Kraméjan tengah wana — Djaman sekolahan — Dadosa panggalihan — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Pakabaran saking pakempalan.

**Lembaran II.**
Gapjak-soemanak-soegih sanak — Openbaar Onderwijs — Oeroen rembag — Rawoehipoen Padoeka Rama Pastoer A. Djajasepoetra lan Rama Pastoer A. Soekiman — Correspondentie.

## PRADJA RAHAJOE.

### DOEKOEN.

Pepanggihan Kemis sonten kapisan (1e. Donderdag), watawis djam 4: kados adat saben (sawoelan sapisan), manggèn ing Vervolgschool Doekoen. Pambikak toewin panoetoeping pepanggihan oegi mawi tata tjara katholiek kados déné kempalan sanèsipoen.

Kempalan poenika waoe boten wonten namanipoen; (naamloos); margi soewaoe toedjoening kempalan ngrembag kabetahaning sekolahan (kados déné schoolvergadering). Sareng sampoen pikantoek sawatawis woelan, ing satoenggiling pepanggihan sampoen tjekap rembagipoen; ing mangka kapinoedjon padjar soerja; wonten satoenggiling sedèrèk kagoengan panjoewoen dateng para mitra-mitra ingkang sami rawoeh, karsaa ngladjengaken lenggahan; panjoewoen katampi, lenggahan kaladjengaken: lan sampoen gantos programa.

Ing salebeting lenggahan kaping II ipoen (imbet). Wonten sadèrèk kagoengan oesoel: „Rèhning kita wonten ngriki (wonten koekoeban Doekoen) poenika kénging koela wastani keslempit. (tebih tijang sepoeh, tebih sedèrèk), dados saoepami wonten bot-répot, oetawi sandoengan pekèwed oetawi betah, prasasat boten wonten ingkang dipoentangisi oetawi boten wonten ingkang dipoendjoedjoeg.

Ingkang poenika koela gadah oesoel ngawontenaken piroekoenan tjéléngan sakijatipoen; perloenipoen manawi wonten karépotan oetawi betah dadakan ingkang boten saged nginten-inten datengipoen, oepami dipoenoelemi tangga tepalih lan kasarengan oentjek (toempeng) mangka saweg noel; sageda wonten ingkang dipoentangisi, oetawi dipoendjagèkaken oepami malih satoenggaling wekdal pikantoek serat poenapa telégram ingkang kedah oetawi perloe wangsoel mangka saweg kedongan kotong, wontena ingkang ngijati, sapanoenggilanipoen. Oesoel dados rembag moejeg, pepoentoning rembag oesoel katampi.

## RETRÈT.

Ing wiwitaning liboeran September ngadjeng poenika ing Moentilan badé wonten retrèt kanggé sadèrèk Djawi ingkang saged tjara Wlandi. Sinten ingkang ngarsakaken retrèt waoe sasampoena rawoeh ing tanggal 24 September ngadjengaken wantji sonten. Déné toetoeping retrèt tanggalipoen 27 wantji sijang bakda bedoeg. Wragadipoen pondokan 5 roepijah.

**Rector Xaverius College.**

# SAKING PAKEMPALAN.

**C.P.P.A. dados P4A.=P.P.P.P.A.**

Sarèhning pandamelanipoen C.P.P.A. (Comite pembanterasan pendjoealan anak-anak) saja dangoe saja katah lan saja djembar tebanipoen, pramila C.P.P.A. roemaos boten ketjonggah, jèn boten dados pakempalan ingkang ageng abanda abandoe.

Nalika tanggal 8 September C.P.P.A. ngwontenaken parepatan warga. Ingkang nenggani wewakil-wewakil P.P.I.I., Wanita oetama, Wanita Katholiek, Wanita sedya Rahajoe, Wanita Taman-Siswa, H.B. Mohammadijah, K.W. Mataram, P.P.K.D., B.O., P.P.P.H., P.G.B., lan Taman-Siswa.

Sedaja moefakat wontenipoen pakempalan énggal, ingkang dados titisipoen C.P.P.A. Woesana pakempalan énggal waoe lair, lan kanamakaken P4A. = P. P. P. P. A = Perkoempoelan Pembasmian Perdagangan Perempoean dan Anak-anak.

Pangrèh C.P.P.A. teroes lèrèh lan kagantos énggal.

Woedjoeding pangrèh P4A:

1. Mevr. Dr. Soekanta — pangarsa (P.P.I.I.)
2. sdr. C. Soegiri — Moeda pangarsa (P.P.K.D. + K.W.).
3. Rara Soenarjati — panitra I (P.P.I.I.).
4. sdr. Darma — panitra II (P.G.B.).
5. Rara Ismoediati — hartaka I (Wanita Oetama).
6. Wara Manab — hartaka II (Wanita Sedya Rahajoe).
7. sdr. Soedarminta — djoeroe noepiksa (Taman-Siswa).
8. sdr. Tjitrasoebana — djoeroe noepiksa (H. B. Mohammadijah).
9. sdr. Martasoepadma — djoeroe noepiksa (P.N.I.).

Statuten lan werkprogram kedah énggal rampoeng.

Panitya ingkang kabebahan i.p.:

1e. sdr. Ki Adjar Déwantara — (Taman-Siswa).

2e. sdr. Bratakésawa — (Boedi-oetama).

3e. sdr. C. Soegiri — (P.P.K.D. + K.W.).

*Pangadjak.*

Para sadèrèk! Menawi para K.W.-K.W. lan P.P.K.D. - P.P.K.D. ing poendi-poendi karsa nggatosaken prekawis penjadéan sadèrèk-sadèrèk kita wanita, rekaos pandjenengan boten itjal. Koela sadaja wadjib perang bratajoeda kalijan éblis-éblis, ingkang ménda-ménda gèmbèl, perloe ngrisak kasoesilaning adi-adi koela èstri. Rékanipoen mbeboedjoek saja ngremit, ngantos boten ketawis.

Pramila para kadang koela K.W.-K.W. lan P.P.K.D. - P.P.K.D., pandjenengan ngadjak pakempalan[2] ing panggénan pandjenengan, soepados kawontenana tjabang P.P.P.P.A. Menawi ing poendi-poendi panggénan wonten tjabangipoen P4A., koela pitados bilih *„perdagangan perempoean"* saja soeda.

Mangga sampoen ngétja-étja! Njoewoen pitoeloengan!

Mataram 10 Sept. '30.

Gambir Anom
C. C. MATARAM.

---

Rèhning poenika boten djedjer kempalan namoeng woedjoed piroekoenan; del ingadelan, mila boten ngawontenaken pilihan kanggé voorz. secret. penningm. sapanoenggilanipoen; namoeng noeding prijantoen ingkang sampoen ketingal saged keket pangastanipoen arta; (ingkang economies).

Rèhning sedaja dèrèng naté ngalami mila pranatan-pranatan manawi dipoenpirsani dateng para ingkang sampoen memet, inggih kirang njenengaken; oetawi kénging kawastanan boten wonten pranatan néka-néka: wontenipoen namoeng:

1e. Njèlèngi sakijatipoen; boten wonten planggeran apesipoen kedah semanten; dipoendamel sakijatipoen soepados saged loemintoe njèlèngi boten nglowongaken.

2e. Manawi wonten ingkang badé ngagem arta kedah ngatoeraken perloenipoen; lan ingkang saged pikantoek pitoeloengan manawi mila perloe kapitoeloengan.

3e. Anggènipoen mangsoelaken sasaged-saged énggal, kapeksanipoen boten saged inggih nitjil mawi sareman $2^0/_0$ ning samboetan sawoelan.

4e. Pamendetipoen arta tjéléngan manawi pindah, oetawi perloe saèstoe; oepami kagem kondoer mergi wonten alangan ageng; kagem kondoer badé . . . . . sapanoenggilanipoen.

5e. Manawi kas kapinoedjon kotong; wonten kantja sawatawis moepakatan, saoepami wonten ingkang badé ngagem arta tjéléngan mangka perloe sanget, manawi sakinten boten patos awrat sanget kadoegi njetijaraken.

Piroekoenan poenika madegipoen watawis sampoen setaoen. (Juli '29 — September '30), langkoeng 3 woelan. Mila saweg kémawon moentjoel verslag-ipoen; mergi soewaoe badé koela verslag ragi godjag-gadjeg mbokmenawi ambroek oetawi djelèh, mergi ama djelèh poenika ragi peng-pengan karosaning dajanipoen. Sapoenika koela wani njoengoelaken verslagipoen boten badé kanggé oemoek-oemoekan oetawi pamèran; sadjak-sadjakipoen badé saged toeloes lan boten étang sekedik sawoelan-woelanipoen loemintoe (oetawi loemajan kaindakaningarta tjéléngan); lan inggih saged kadoemoegèn sedajanipoen; noeloengi sedèrèk ingkang manggih karépotan; tandanipoen arta mlampah teroes; kepara kas kerep . . . . . . ipoen, namoeng boten dados poenapa, mergi wonten sedèrèk sawetawis ingkang nalika madegipoen saoepami kas nihil mangka wonten sedèrèk ingkang betah sanget sagah njetijaraken; sasaged-sagedipoen. Sapoenika koela sedaja saweg sami mengertos bilih tijang keslempit poenika betah sanget piroekoenan oetawi kempalan: mila sedaja, sareng sami pirsa lampahing tjéléngan prasasat boten wonten kèndelipoen kagoengan krenteg sami badé ngijataken jejasanipoen; boten amoeng panjerat ndèrèk memoedji sageda toeloes; toehoe netepi koewadjibanipoen sampoen ngantos keparag ing ama djelèh, sarta inggih sampoen kerikaten mindak kesandoeng; alon-alon waton kelakon.

Doemoegi titi-mangsa poenika pétanging arta tjéléngan dalah sareman kirang langkoeng f 60,— sewidak roepijah; (angkanipoen poenika lo sedèrèk); mergi sampoen koela atoeraken nginggil bilih arta prasasat boten naté kèndel, kepara kas kerep . . . . . ; namoeng boten dados poenapa; saking roemaos koela mandar toemandja, saged njekapi sedèrèk kita pijambak ingkang sami keslempit wonten redi Merapi. Mandar boten ngemoengaken saged tetoeloeng sedèrèk pijambak; inggih sampoen naté noeloengi dateng sedèrèk ndjawi (niet katholiek), ingkang manggih aral kesripahan. Rahajoenipoen déné nalika semanten kas kapinoedjon isi; Rèhning toedjoean poenika sakawit boten badé ngindak-indakaken artanipoen: namoeng sageda tetoeloeng dateng sedèrèk pijambak; sampoen ngantos ketingal panelangsanipoen oetawi . . . . dateng sedèrèk ndjawi; sokoer bagé saged noeloengi karépotanipoen sadjawining koekoeban botenipoen saged tetoeloeng sedèrèkipoen pijambak; lan ndjagi sampoen ngantos wonten ingkang nrètèk dateng sadjawining garis; oepami dateng tijang soegih (tjekap), langkoeng-langkoeng dateng mrindring-mindringan;

1e. sampoen kétjalan sareman katah (1,— — f1.25).

2e. boten kadjèn; poenika sampoen ngantos.

Mila sasaged-saged kadjagia ingkang saèstoe, sokoer bagé ngagengaken; saged mbéngkas bebaja kalih bab nginggil poenika; minangka kanggé tetangsoel mawi dipoenèmbèl-èmbèli sareman $2^0/_0$ ing sawoelan; déné sareman waoe béndjing-béndjingipoen badé kanggé seneng-seneng manawi wonten feest.

Decemberan ngadjeng poenika; rantjangan menawi saged badé ndèrèk rijajan; wragad kaangsoer wiwit woelan ngadjeng; saremaning tjéléngan kanggé wewah; soepados saged ragi ketingal njepipoen:

poen keslempit
J. KOES.

## KRAMÉAN ING TENGAH WANA.

Para sedèrèk Katholiek mbokmanawi katah ingkang dèrèng tepang dateng sedèrèk pandjenengan ingkang wonten ing tengah wana. Pinten, poenapa namoeng satoenggal kalih; o, boten, katah. Oepami para sedèrèk pandjenengan ingkang wonten ing Glagahagoeng boten kirang saking 100. — Pantjèn para sadèrèk pandjenengan saèstoe, sedèrèk Djawi lan-broeders in Christus. —

Langkoeng roemijin keparenga koela ngatoeraken babadipoen Glagahagoeng. Soewargi Rama van Lith, rama pepoendèn koela tijang Djawi, ingkang sanget pamerdi dateng para sedèrèk doesoen, katah sanget poetranipoen sedèrèk padoesoenan. Oepami para sedèrèk ing Kalibawang, para poetranipoen rama Soewargi, ingkang sanget kinasih. Para sedèrèk waoe sami pindah dateng Soekarena; ladjeng sami bebrajan ing ngrika. Watawis taoen 1905. Sareng taoen 1925 sakinten ing ngrikoe sampoen rekaos pikantoekipoen siti malih, ladjeng sami pindah dateng ing Glagahagoeng, lan ladjeng sami babad wana, kadamel padoekoehan lan pasabinan. Inggih ing taoen 1925 poenika siti wana ing Glagahagoeng kaparengaken kabikak ing saben tijang. Doemoegi sapoenika wana ing Glagahagoeng mèh resik kagarap ing tijang (temtoenipoen inggih boten tijang Katholiek kémawon). Ing salebetipoen 5 taoen wana ingkang sampoen kagarap boten kirang saking 300 pal pesagi = 15000 baoe. Samanten sedèrèk madjengipoen (énggalipoen). Para sedèrèk Katholiek anggènipoen damel padoekoehan saking Grédja Glagahagoeng wonten ingkang tebihipoen ngantos 2-3-4-5-6 pal. Ing nalika tanggal 18 Maart 1929 ing Glagahagoeng kabikak sekolahan Carmelstichting déning pandjenenganipoen Rama Stultiëns lan sedèrèk C. Karmidi Widajasastra. Wah, sapinten rekaosipoen pedamelanipoen prijantoen kekalih. Badé njéwa grija boten saged (saking boten wontenipoen). La inggih grija padoekoehan, alit, pajon atep, boten saged kanggé sekolahan. Dados kedah damel grija. Ingkang saged kagarap grija kalih, setoenggal sekolahan, kalih klas, lan grijanipoen goeroe, ingkang sapalih kadamel Grédja. Mangka rekaos sanget pikantoekipoen toja. Dados salebetipoen nggarap, saben éndjing lan sonten prijantoen kekalih siram ing Kradénan (± 3 pal) saking Glagahagoeng, lan daloe sami saré ing sekolahan ingkang ageng anginipoen, asrep toer katah sanget lemoetipoen.

Ing Glagahagoeng saben woelan dawah minggoe poengkasan (laatste week elk maand) wonten Mis Soetji, déné saben minggoe inggih sami dateng Grédja sesarengan, sembahjang, menjanji lan woetjalan.

Mèh sedaja sedèrèk Katholiek sami dateng Grédja, sanadjan tebihipoen 3-4-5 palan. Koela goemoen sanget, kala dinten Setoe ngadjeng, rama Pastoor rawoeh ing Glagah lan njaosaken koerban Mis Soetji, ingkang dateng ± sadèrèk 40, toer sami bih lan tampi Saliranipoen Goesti. Sanadjan sedèrèk nggoenoeng-nang-noeng, tanggané loetoeng, pangané sega djagoeng, gamané pentoeng, manawi soemerep serat bingoeng, (boten ngertos seratan), nanging anggènipoen menjanji ing salebetipoen Mis boten ngoetjiwani, satengahipoen zangers ing Soesteran Gedangan, lan mèh sedaja menjanjian Djawi apil, lan warni-warni sembahjangan ingkang kasembahjangaken sesarengan. Ing ngrikoe roemaos sanget jèn gesang koela (koela pijambak ing kita ageng ing Semarang) kaken sanget.

Kala dinten Senèn 11 Augustus 1930 pandjenenganipoen Mgr. P.C. van der Pas rawoeh ing Glagahagoeng, kadèrèkaken pastoer L. Schuring pastoer énggal nembé rawoeh saking negari Walandi, lan toean Blijdestein Administrateur Cacao Onderneming Baléardjasari Malang, satoenggaling prijantoen ingkang katah sanget labetipoen dateng Carmelstichting ing bab banda, arta, lan baoe.

Oegi toean Braan. Rawoeh ing Glagahagoeng djam 7,30 teroes njaosaken koerban Mis Soetji. Lebar preek lan Communie ladjeng maringaken Sacrament Kasantosan. Ingkang nampi ageng alit, djaler èstri sedèrèk 35. Bibaripoen ladjeng arak-arakan dateng sekolahan, dalasan laré-laré Standaardschool Kradénan ingkang sami dèrèng mambet agami, lan laré Glagahagoeng ingkang sami dèrèng sinaoe agami inggih sami ngarak. Sedèrèk C. K. Widajasastra ngatoeraken pisegah sesorah bab babadipoen Missie Glagahagoeng, sedèrèk F. J. Dirdjasoemarta ngatoeri wawasan bab gesang ing kita ageng kados ing Semarang, soepados para embok lan para bapak saged nganggé katijasaning dedamelipoen Sacrament Kasantosan kanggé merangi mengsah ingkang badé ndatengi, inggih poenika lelamisan lan barang-barang modern ingkang badé ndatengi, samangsa ing Glagahagoeng dados saja mindak ramé. Sampoen ngantos kapiloet ing agamèn-agamèn ingkang tjrijosipoen badé narik dateng soewarga, ingkang sadjatosipoen namoeng badé pados étja-sakétjaning badan kémawon, ingkang badé ndjorogaken dateng telenging naraka.

Prekawis pista, wah sampoen, bilih pandjenengan mriksani tijang kendoerèn, andèkpoena saged nganggé gramofoon. Adatipoen mireng pangenggoeking tjèlèng, mireng lan soemerep gramofoon, tjara Semarangipoen kan sidata. Prakawis padjangan boten ngoetjiwani, sami kalijan tijang mantoe ing Semarang. Ing Grédja oegi kapadjang-padjang sasaé-saénipoen rèhning ing tengah wana. Bibar djam 11 ladjeng ngrawoehi sekolahan Kradénan ingkang oegi kapadjang-padjang, kinoermatan soeraking laré[2] boten (muziek).

Djam 11,30 pandjenenganipoen Kandjeng Bisschop koendoer mampir Banjoewangi. *F. J. Hoeroebisma.*


**VAN LITH-STICHTING**

Poenapa woelan poenika sampoen ngintoenaken **contributie?**

**Penningmeester V. L. S.**
p/a 2e. Convict
Moetilan N. I. S.


## „DJAMAN SEKOLAHAN"

Djaman sapoenika mila kaot sanget katimbang kalijan djaman ingkang sampoen kapengker. Nitik kekoedanganipoen tijang sepoeh, rikala djaman koela taksih laré, tijang sepoeh ngengoedang dateng poetra-poetranipoen, namoeng ginadang-gadang, angsala pangéngéran wonten ing ngarsanipoen prijantoen loehoer, ananging manawi djaman sapoenika, senaosa laré saweg nembé lahir (senaosa laré èstri) sami kinoedang-koedang badé sekolahipoen, mila kénging kawastanan djaman sapoenika:„ djaman sekolahan."

Sadangoe koela gegrija wonten ing doesoen sahingga sapriki (djaman sapoenika) taksih katah sadèrèk koela tani ing doesoen ingkang dèrèng ngadjengaken dateng sekolahipoen anak, ananging katah ingkang namoeng anggadang-gadang pendamelanipoen; kadosta: kapoerih angèn, ngarit, glidig sapanoenggilanipoen. Koela naté soemerep, prijantoen Bestuur ngojak-ojak andawoehaken: Soepados sadèrèk koela tani sami poeroen njekolahaken anakipoen, ananging meksa katah ingkang sami mboten mitoehoe dawoeh, malah koela asring mireng grenengipoen sadèrèk koela tani mekaten: hla hija, anakkoe jèn ndak sekolahaké, sing angon sapi ora ana, tjekakanipoen: pamanggihipoen sadèrèk koela tani; (ingkang katah-katah) tinimbang laré kapoerih sinaoe wonten ing pamoelangan, taksih katah ingkang mrajogèkaken sinaoe wonten ing tegil oetawi ing sabin. Saja malih manawi tjelak kalajan kaboedidajan, senaosa taksih laré inggih katah ingkang kapoerih glidig, amargi manawi kaglidigaken wonten ing Onderneming, saged angsal berahan ± fo,25 sadinten. Poenapa malih ingkang tijang sepoehipoen contract lorrie (contract nebang rosan dalah sak transportipoen) waaah, poenika laré katah pendamelanipoen, kadosta: kapoerih nglèri, sasaminipoen.

Kasebat ing nginggil mboten pandjang-pandjang atoer koela, para maos temtoenipoen sampoen sami priksa pijambak menggah kawontenanipoen ing doesoen-doesoen, pramila koela sigeg semanten kémawon. —

Koela laré doesoen.
SINGGIH.

# ECONOMIE.

## DADOSA PANGGALIHAN.

Manawi ngèngeti djaman 20 taoen kapengker, ladjeng katimbang kalijan kawontenanipoen sapoenika, ing salebeting kalangan Katholiek Djawi, saèstoe sanget adamel ageng-ing manah, déné ing samoekawis prakawis tansah mindak-mindak, tjatjah, kasaènan, kasantosan, lan kasampoernanipoen; liripoen, ingkang roemijin dèrèng wonten oetawi dèrèng gadah, sapoenika sampoen wonten oetawi sampoen gadah, ingkang roemijin saweg alit sakedik lan ringkih, sapoenika ageng, katah lan sentosa, tjekakipoen ing prakawis kemadjengan ing samoedajaning prakawis, sadèrèk koela Katholiek sanadijan tjatjahipoen sakedik boten poeroen kantoen kalijan golongan sanès.

Ewasamanten, manawi ngoengak kabetahan lan sesanggèn ingkang badé dados panggoelan kita sadaja (mragadi oetawi ngoeroeni kabetahaning missie), lan ningali kekirangan-kekirangan ing salebeting kalangan kita, loegoenipoen mesti teksih mrihatosaken sanget. Mila kita boten kénging namoeng kèndel semanten, destoen malah kedah saja mempeng ng pangoedi, amrih sagedipoen koewagang nampi pepanggoelan lan andjangkepi ingkang dados kekirangan kita.

Sapoenika oesoem tjèlèngan, sapoenika oesoemipoen sami geder ngrembag saéning economie.

Gotrah Katoelik inggih boten poeroen kantoen, katanda malah sampoen sawatawis dangoe ing poendi-poendi sampoen wonten spaarclub, poenapa déné malah sampoen ngwontenaken levensverzekering.

Wingi-wingi koela sering mireng reraosan bab wontenipoen bank, nanging doemoegi sepriki dèrèng dipoenadani.

Rèhning bank poenika langkoeng loewes bab oebeng ingering jatranipoen, toemrap ingkang titip boten dipoentemtokaken sapinten dangoenipoen, kedah sapinten salebetan, pendak poenapa, toer pamendeting jatranipoen saged samangsa-mangsa, mila koela gadah oesoel moegi P.K.W. karsaa énggal manggalih wontenipoen. Menggah ingkang kanggé pantjadan, spaarkas-spaarkas ingkang sampoen wonten, Hartadaja Moentilan lan Gandjoeran, spaarfonds ingkang badé madeg (tjèlèng-anipoen para warga P.P.K.D. ingkang ngoedi gadah f 100— soepados vrij saking pambajaran contributie) lan sanès-sanèsipoen, poenika kémawon kaesoehana dados satoenggal, kadadosaken: bank P.K.W.

Déné jatranipoen voorloopig teksih wonten papanipoen pijambak-pijambak, lan katindakaken tjara lami, saking sakedik saselot-selotipoen dipoentata amrih prajoginipoen.

Kados ingkang sami kelampahan sepriki, Hartadaja Moentilan lan Gandjoeran toewin spaarclub Ngajodja poenika toemindaking jatranipoen namoeng sami kasamboetaken dateng para warganipoen oetawi sanès warga, nganggé rènten sawatawis, perloe kanggé mitoeloengi dateng ingkang sami njamboet, soepados boten sami kawraten bajar rènten sasoemerep koela toemindakipoen inggih sampoen saé sanget. Nanging rèhning pamendetipoen renten namoeng sakedik, djer inggih boten kénging ngrèntenaken awrat, mangka ingkang mbetahaken katah, mila jatra ingkang wonten ing kas namoeng sakedik, terkadang sok komplang, kerep adamel ketjelik ingkang sami badé njamboet. Dados toemindak ingkang makaten waoe, koela mastani kirang moepangati kanggé kabetahan oemoem.

Sadèrèk Katholiek saja katah, ingkang nganggoer inggih saja katah, poenapa boten mesakaken? Poenapa boten perloe kita ing sasaged-saged mitoeloengi pandamelan dateng sedèrèk ingkang sami nganggoer? Kados-poendi rékanipoen mitoeloengi, boten sanès inggih namoeng sarana ngwontenaken pandamelan, oetawi madosaken pandamelan.

Ing riki koela namoeng badé ngrembag sakedik bab ngwontenaken pandamelan. Srananipoen saged ngwotenaken pandamelan kedah wonten kapitaal lan pangertos. Sapoenika angsalipoen kapitaal saking poendi? Ingkang langkoeng sakétja boten sanès inggih kedah saking Bank.

Dados saoepami Bank P.K.W. sampoen madeg, mesti inggih saged ada-ada saking sakedik ngwontenaken panggaotan, botenipoen P.K.W. Inggih saged kalampahan wonten maatschappij saking spaarders sawatawis ngwontenaken panggaotan nganggé kapitaal samboetan saking P.K.W. Bank.

Mila, koela ambali malih oesoel koela moegi P.K.W. ladjeng anggaliha wontenipoen bank, lan sateroesipoen wonten jasan panggaotan oetawi kaboedajan, soepados saja tambah aroeming gandanipoen tradjanging gotrah Katholiek Djawi, lan saja koewawi kita njanggi sampeding kabetahan.

Saingga sepriki, sadèrèk Katholiek Djawi sasat sadaja panggesanganipoen namoeng bajaran, dèrèng gadah panggaotan pijambak ingkang kénging kapamèraken, béndjing poenapa kalampahanipoen? Béndjing poenapa woeten Batikhandel Katholiek Djawi, Meubelmakerij Katholiek Djawi, onderneming Katholiek Djawi lan sanès sanèsipoen, minggahipoen béndjing poenapa saged katah kapitalist Katholiek Djawi?

Raméning rembag sami ngoedi kamardikan. Mila mangga para sadèrèk, sampoen katlompèn anggalih kamardikaning (zelfstandigheid) economi. Mangga para Djempolan sami dipoenajati, atoer koela poenika sami kagalih jektosan, lan kasinaoe sageda dados panggalihan béndjing Congres P, K, W. ngadjeng.

Ingkang koela atoerken nginggil saweg pepénginan. Ewed pakèwedipoen lan kangèlanipoen dèrèng koela rembag, dasar inggih angèl lan gawat ngrembag babagan oebeding jatra lan tetanggelanipoen. Nanging poenapa boten kedah kita persoedi lan kita sinaoe?

Ing wasana minangka panoetoeping atoer koela, panjoewoen koela moegi Hoofdbestuur P.K.W. lan K.W.K.W. karsaa mèngeti lan manggalih atoer koela poenika lan sageda dados rembag wonten ing Congres ngadjeng.

*Poen kadereng.*
*P. M. S.*

# OERAP - SARI

**(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÈS)**

## KABAR KATHOLIEK.

*Koran kita.*
*Lading kalijan pamasanging Klisé, wedalipoen Sw. T. dinten poenika radi kasèp.*

### Pindah dateng Ngajogjakarta.

Pandjenenganipoen *P. Diderich*, roemijin directeur Kweekschool, ladjeng Pams, ing Moentilan, sapoenika pindah wonten seminarie Ngajogjakarta.

### P. Hoevenaars, séda.

P. Hoevenaars, ingkang toemoet bebadra adegipoen Missie Djawi, sareng-sareng kalijan Rama van Lith, kala Djoemoewah séda wonten Semarang, kasarèkaken wonten Moentilan. Kita ngatoeraken béla soengkawa.

### Katholiekendag Djerman.

Tetijang Katholiek Djerman mentas ngawontenaken dinten kanggé saraséjan angrembag prakawis warni-warni. Manoet pawartos saking Münster katiti mangsan 8 September, Katholiekendag waoe dipoenpoengkasi manggèn ing Hinderburgplatz, kadatengan tijang 150.000, dipoendjenengi President Djerman, poenapa déné malih Oetoesan Dalem I. S. K. Santo Rama. Sareng kangdjeng Kardinal Faulhaber sampoen medar sabda, Oetoesan Dalem K. S. R. andawoehaken bilih Kg. Biskop Poggenburg ing Münster winisoeda djoemeneng Maha Biskop.

Wonten ing parepatan-parepatanipoen para maha-siswa, para kaoem berah lan prijantoening-nagari Katholiek, rijkskanselier Bruening anerangaken bilih kamadjenganing ekonomi, njaèkaken prakawis arta, poenika djanggelanipoen ingkang bakoe doemoenoeng wonten katentremaning pradja.

### Konggrès Katholiek ing Hindoestan.

*Koerier* njarijosaken: Algemeene-raad-ipoen pakempalan Katholiek „de Kanara" mentas papanggihan wonten Mangalore, sarta ladjeng kintoen serat dateng koran-koran Katholiek toewin panitraning pakempalan Katholiek, andjalèntrèhaken preloenipoen tetijang Katholiek ing Indija-Inggris ngawontenaken papanggihan oemoem. Ingkang makaten waoe, angèngeti éwahing kawontenan politiek ing ngrika wekdal samangké.

Oesoelipoen, konggrès waoe kadawahaken wonten tanggal 15—17 Agoestoes (woelan kapengker —) manggèn ing Mangalore. Ingkang karembag prakawis:

1). wewenangipoen gotrah Katholiek anglampahi Agami; 2). eigendomsrecht toemrap barang-baranging Pasamoewan Soetji (Kerkelijke goederen) 3). wewenangipoen tijang Katholiek toemrap idjab, successie, lan prakawis warisan. 4). prakawis panggoela-wentah: 5). tjatjahing wakil-wakil Katholiek wonten ing babadan-babadan, jasanipoen nagari. (— Béndjing poenapa Indonesia wonten alg. konggrès kanggé tetijang Katholiek sa-Indonesia ?? —)

### Mgr. Van der Pas.

Béndjing 3 Oktober poenika pandjenenganipoen Mgr. van der Pas ing Malang djangkep 25-taoen anggènipoen dados ngoelama. Ing ngrika sampoen wonten babadan ingkang angrembag tjalon pamiwahaning dinten waoe.

### Mgr. Nolens.

Kala tanggal 7 Sèptèmber poenika, Mgr. Nolens, babantèng Katholiek ing Nederland, djangkep joeswa pitoeng dasa taoen. Katah sanget tijang ingkang njaosi kasoegengan.

### Pastoor Fleerakkers.

P. Fleerakkers ingkang wonten kalangan militèr sakalangkoeng misoewoer, kala tanggal 7 Sèptèmber poenika amèngeti 25-taoenipoen anggènipoen dados ngoelama.

# KABAR OEMOEM

**INDONESIA.**

### Koeli mogok.

Koeli Tionghoa 40, koelinipoen Deli Spoor ing Padang Halabar, sami mogok, késah dateng Aer Kota Baroe. Ingkang nem, tjalon kapotjot, sanèsipoen poeroen njamboet damel malih.

### Lisah latoeng.

Pawartos saking Médan anjarijosaken kala Augustus Perlak angedalaken lisah patra 18.650 meter koeboek, lan Rantau angedalaken 15.000 meter koeboek.

### Kasangsaran montor.

Ing Bandjaranweg satjelakipoen Bandoeng, mentas wonten katjilakan montor, montor préman toemboekan kalijan montor-barang, adamel tiwasipoen tijang satoenggal, lan taksih wonten malih kalih ingkang ketaton sanget.

### Mac Gillavry.

Pabrik Mac Gillavry mentas mèngeti sèket taoenipoen, sarta angedalaken boekoe pèngetan sèket taoenan.

### S. S. lan gendis.

Ing salebetipoen woelan Agoestoes pamedal S. S. saking gendis goenggoeng kempalipoen soeda f 800.000 manawi katanding kalijan pamedal kala Agoestoes taoen kapengker. (A. I. D.).

### Dinten ngaso ing kaboedidajan.

*Deli Crt.* njarijosaken Planters Comité mentas njoekani serat ideran dateng warga D. P. V., asoeraos: wiwit 1 September poenika, dinten ageng ingkang adatipoen dawah tanggal 1 lan tanggal 16, dipoensoewak. Nanging ladjeng dipoenlintoni dinten ngaso satoenggal kanggé sadaja poenggawa kaboedidajan, sarta doemawah wonten ing dinten Ngahad, déné kanggé wiwitan dawah ing dinten Ngahad 14 September poenika. Kadjawi ngaso ing dinten Ngahad salebetipoen 14 dinten waoe, .... para assistent taksih pikantoek ngaso malih sapisan, sarta toemrap ingkang nglampahi Agami Kristen, liboeran poenika tjalon kadawahaken ing dinten Ngahad.

### Tjina — Tionghoa.

Serat kabar „Bintang Mataram" mentas njrengeni s.k. „Sedio-Tomo," (sakalih-kalihipoen serat kabar Ngajogja) awit ing S.T. poeroen angewrat karangan ingkang wonten temboengipoen Tjina. Kanggénipoen djaman madjeng, seboetan Tjina poenika angrèmèhaken. Prakawis poenika dadosa pèpèngetipoen para maos Sw.T. ingkang remen njerat wonten serat kabar, oet. ingkang kepéngin boten dipoenseriki golongan waoe.

### Pamedal P. T. T.

Salebetipoen Juli '30 pamedalipoen P. T. T. wonten f 3.051.452, mangka kala Juli taoen '29 wonten f 3.127.430.

### Prakawis rokok adamel pedjahipoen.

Ing onderneming Majang, wonten assistent kebon mangertos bilih wonten koeli nradjang wewaler: oedoed. Koeli-koeli boten wonten ingkang ngaken. Éndjingipoen koeli-koeli katjarijosan mandoripoen: manawi boten wonten ingkang ngaken, ndara toewan setèn badé boten njoekani arta premie. Poen Rebo ladjeng madoelaken bilih ingkang oedoed koeli anama Kasan. Éndjingipoen, koeli kekalih waoe geloet, poen Kasan dipoenwadoeng, andadosaken lan tiwasipoen. *(Deli Crt.)*

### Koerban politiek.

Ahmad Soeid asli Salimpaoeng, Fort van der Capellen, dipoenoekoem 4 taoen margi nerak papatjak artikel 153 lan 161 ing Wb. v. Strr.

Kala 10 Juli kapengker kawartos sampoen rampoeng anggènipoen nglampahi oekoeman, nanging taksih teroes dipoentahan wonten pakoendjaran Glodok. Kawartos, Ahmad Soeib waoe boten pikantoek wangsoel dateng kampoengipoen, margi pengoeloe-pengoeloe ing Salimpaoeng boten saged tanggel katentremaning kampoeng ngrikoe, samangsa Ahmad Soeib kawangsoelaken. *(Sinar Sumatra).*

### Pedjah margi goemoedjeng.

Pembantoe *Pertjatoeran* ing Tapanoeli Lèr, martosaken kala 21 Agoestoes, ing kampoeng no. 70, Balige, wonten tijang èstri oemoer 50 taoen, pedjah margi goemoedjeng. Tijang èstri waoe doekoen baji. Kala semanten wonten tijang nglahiraken baji, nanging boten gadah ambekan. Sareng dipoenpoek-poek doekoen waoe, saged ambekan. Saking bingahipoen poen doekoen goemoedjeng, .... nanging salebetipoen goemoedjeng teroes anggeblag, ..... pedjah.

### Onderneming énggal.

Onderneming „Sedep" ing Pangalengan, Bandoeng, ambikak malih pabrik tèh énggal.

### SAKING NGAJOGJAKARTA.

— P. t. Westra, Resident Ngajogjakarta, pikantoek bintang Off. in de Orde van Oranje Nassau.

— Pakempalan B. O. Mataram, kala Ngahad damel parepatan, amoetoes: damel motie njoewoen soepados babadan Balé Agoeng ing Vorstenlanden, énggal kawontenaken. B. O. anggadahi pamanggih awawaton rembagipoen Mr. R. T. Wangsanagara oetoesan H. B. B. O., soepados tijang angadjengi kémawon B. A. waoe sawonten-wontenipoen roemijin: preloenipoen sampoen ngantos nginggil namoeng semados kémawon anggènipoen nedya ngwonteni babadan wakiling kawoela ing tanah Kedjawèn. Pamanggihipoen komisi B.O. Mataram, B.A. waoe prajoginipoen kedah: 1. asipat wetgevende raad; 2. kedah gadah wewenang toemoet angrembag begrooting, samboetan lss. 3. Basa opisijil kanggé parepatan, kedah basa Djawi. 4). Parepatanipoen kedah kaanggé blak-blakan. 5). Warganipoen sampoen ngantos namoeng para darah kémawon, lan ingkang sapalih prajogi kabenoem, sapalihipoen kapilih. 6). Tijang ingkang dédé kawoela kasoeltanan, manoet pranatan sapoenika, manawi kepéngin gadah wakil wonten B. A., kedah dados kawoela kasoeltanan roemijin. 7). Saben Zelfbestuur anggadahana B. A. pijambak, mawi pangarsa pijambak.

Mr. Singgih anerangaken bilih B. A. waoe wigatos sanget, boten namoeng toemrap th. Kedjawèn; oegi toemrap sa-Indonésia.

Wakil P. P. K. D. afd. Mataram, mrajogèkaken soepados warga B. A. dipoenpilih kémawon sadaja. Kadjawi makaten boten anjondongi wontenipoen warga miroenggan tetiga (dédé tijang Djawi).

— Tentoonstelling ing Pengasih, kala Ngahad sampoen kabikak.

— C. P. P. A., sapoenika sampoen dédé komité, sarta santoen nama: „Perkoempoelan Pembasmi Pendjoealan Perempoean dan Anak."

### Ama ketèk.

Ing doesoen Babakan, bawah kaloerahan Soekamenak, satjelakipoen Tasikmalaja, katjarijos katradjang ama ketèk, sami nedani katéla, térong, klapa, paré toewin pisang. Tetijang sami toemandang angitjali ama waoe. *(A. I. D.).*

### Katradjang kolérah.

Shanghai katetepaken katradjang kolérah. Tetepan pagebloeg kolérah ing Bangkok, sampoen boten kanggé.

### Poenggawa S. S. dipoenpotjoti.

Manoet tjarijosipoen *Soer. Hdbl.*, ing bingkil S. S. Bandoeng, wonten koeli woloeng dasa ingkang dipoenpotjot. Anggènipoen dipoenpotjot waoe, gandèng kalijan sandéning sedya badé ngwontenaken gerbong wadja kanggé sepoer expres (stalen rijtuigen), ing taoen poenika. Pandamelipoen gerbong waoe katjarijos kaoendoer doemoegi taoen ngadjeng. Sedyanipoen S. S. damel gerbong makaten waoe, soepados pikantoek gerbong ingkang langkoeng èntèng tinimbang gerbong kadjeng djatos kados samangké poenika.

### Ngatoeraken panoewoen.

Aneta saking Betawi tanggal 8, njarijosaken, kala koloni kanggé bangsa Djawi ing Gedong Tataän (Lampoeng), djangkep oemoer 25 taoen, tetijang sami ngatoeraken tilgram preloe ngatoeraken panoewoenipoen toemrap pitoeloengan ingkang kaparingaken goepermèn.

### Pametjanipoen N. Moehamad.

Pambantoe *Pewarta Soerabaja* saking Tjirebon martosaken: prakawis pametjanipoen nabi Mokamad. Ing Prijangan wekdal sapoenika katah kjahi-kjahi pikantoek serat saking Mekah ingkang sanget dipoenandel para santri toewin kjahi-kjahi waoe pijambak. Serat makaten waoe, kala taoen 1925 inggih sampoen soemebar wonten Tjirebon. Déné soeraosipoen makaten:

Kala malem Djoemoewah 15 Roewah taoen 1339 (taoen Arab). Sèh Ahmad, djoeroe koentji mesdjid Mekah soedjarah dateng pasaréjanipoen nabi Mokamad. Kalanipoen saweg ngadji, sarta ladjeng lajap-lajap, Sèh Ahmad dipoenkatingali nabi Mochamad ingkang kala samanten kaitingal soesah. Sareng dipoensoewoen pirsa sababipoen, paring wangsoelan: „Enggonkoe soesah iki, marga dèk winginé ing kéné ana wong 160 mati kapir, andjalari akoe roemangsa isin karo para Malaékat. Wong kang mati kapir koewi jaikoe wong djaman saiki sing demen memaling, minoem, djina njerèt, ora sembahjang, oetawa arang sembahjang, ora gelem djakat lll. Kadjabané koewi, andadèkna kaweroehamoe, bésoek taoen 1344 (Arab) oetawa taoen Landa 1925—1926, bakal akèh wong oetawa botjah wadon anggoegoe karepé déwé, manawa loeloengan ora ndadak pamit karo bodjo oetawa wong toewané. Wong wadon kang mangkéné iki, bésoek dina kijamat bakal kedosan gedé.

Lan manèh, bésoek taoen 1355 (Arab), oetawa taoen Walanda 1937, ing langit bakal ana pratanda gedéné kira-kira saendog pitik,

Ing taoen 1890 (Arab) oetawa taoen Walanda 1952, lawang „Tobat" bakal diineb.

Ing taoen 1380 Arab oetawa taoen Landa 1952 Kitab Qur'an lan kitab-kitab lijané, pada ilang toelisané: wong-wong lanang lan wadon pada

### O, ..... RAMA, P. J. HOEVENAARS, ......

Rama Pétroes Hoevenaars! Pandjenenganipoen, toemoet bebadra adegipoen Missie Djw. Pandjenenganipoen babad *wana*, sareng$^2$ kalijan Rama poepoendèn kita, swargi P.F.van Lith.

Rawoehipoen prijantoen kekalih waoe wonten Tg. Prijoek, kala 4 Oktober 1896. Pandjenenganipoen sami kinarsakaken makarja kanggé bangsa Djawi, sarta dadalem wonten Semarang. Kala semanten, sampoen wonten ingkang moetjoeki sakedik-sakedik manggalih kasoekmanipoen bangsa Djawi, . . . i. p. pandjenenganipoen P. Hebrans. Tiga-tiganipoen sami ngasah dadamel landep kanggé ambabad wana, i. p. sarana marsoedi basa Djawi. Tanggal 26 December 1896, Missionaris-Missie-Djawi tetiga waoe, sami katingal andjenengi barkahan-Grédja ing Lamper, Semarang.

Saladjengipoen, sénapati tetiga waoe, sami nilar Semarang. P. van Lith, nantjebaken Salib Soetji, wonten Moentilan. (1898). Déné P. Hoevenaars wonten Magelang, ingkang saladjengipoen kala Mei 1899 nantjebaken Bandéranipoen Pasamoewan Katholiek wonten Mendoet, sareng-sareng kalijan Hebrans. Let sawoelan, ing Mendoet kaadegan Grédja. Nanging, . . . margi gerah, . . . P. Hebrans kala taoen 1900, kondoer dateng nagari Walandi.

Juni, taoen 1905, pandjenenganipoen P. Hoevenaars kapindah dateng Tjirebon. Saking ngrikoe, pindah dateng Betawi, makarja wonten Grija-lola ing Betawi, ingkang kala semanten taksih anama St. Jozephgesticht. Preloe katjarijosaken: wonten Betawi ngrikoe pandjenenganipoen sanget ambijantoe *Java Post* ingkang madeg kala taoen 1903.

Let 4 taoen, pandjenenganipoen pindah dateng Semarang, sarta ngasta pangarsaning Weeshuis Semarang. Taoen 1911, tanggal 5 Mei, djoemeneng hoofdpastoor, oegi wonten Semarang, sarta inggih taksih ngasta pangarsaning Weeshuis. Margi ichtijaripoen, satrija poenika, saged ngedegaken grija Weeshuis ingkang andjenggarang ing Tjandi, Semarang, sapoenika poenika. (27 September 1915). Mei 1915, pandjenenganipoen pindah dateng kapastoeran ing Tjandi, ngantos doemoegi 10 November 1922.

Saking Semarang, pindah dateng Ngajogjakarta. Nanging, let 5 woelan, margi gerah, kapeksa kondoer dateng nagari Walandi. Dados salebetipoen 27 taoen, saweg perlop sapisan.

Kondoer saking negari Walandi, 24 Maart 1924, sasampoenipoen wonten Mr. Cornelis sakedap, ing woelan Agoestoes, ladjeng kapindah dateng Soerakarta. Wonten ngriki ngantos gangsal taoen, sarta boten sakedik lalabetanipoen dateng gotrah Katholiek Djawi toewin Walandi.

Para kadang Katholiek Soerakarta, sami soemedot kala tinilar pindah dateng Semarang: 12 Djoeni 1929. Anggènipoen kapindah dateng Semarang waoe, katjarijos soepados anglеremaken salira. Gandèng kalijan kasoegenganipoen, kala April taoen poenika, sang Wredda Pandita, kadalemaken wonten ing Ambarawa. Nanging, saéning hawa ing ngriki, oegi boten andajani. Tanggal 13 Juli, . . . pandjenenganipoen kalebetaken ing grija sakit St. Elisabeth Tjandi Semarang; . . . soerja sampoen toenggang goenoeng, angantawisi sampoen badé serap . . . .

Wasana, kala Djoemoewah sonten, 5 September, *pandjenenganipoen kapoendoet Ingkang Maha Koewaos* . . . . . . . . Sanget andadosaken soesahipoen para poetra ingkang tinilar, . . . langkoeng-langkoeng para poetra ingkang toemoet laralapa sasarengan kalijan pandjenenganipoen.

Dados, . . . . pandjenenganipoen anoetoeti sadèrèkipoen djaler: P. van Lith swargi. Pandjenenganipoen roemaos sampoen rampoeng kawadjibanipoen, sampoen rampoeng anggènipoen ambabadi prebatang ageng-ageng; . . . amila ladjeng sowan ing pangajoenan Dalem Pangéran.

***

O, Rama! Koela, ingkang gesang ameningi djaman *anjar*, . . koela kémawon kraos soemedot. Saiba, manahipoen para Katholiek Djawi ingkang ameningi djaman *kina*, djamanipoen Pandjenenganipoen taksih abebadé Missie Djawi.

Sampoen saleresipoen, wandawa Katholiek Djawi, anèm sepoeh, ing dinten poenika sami njaosaken béla soengkawanipoen. Sampoen leresipoen, manawi dinten poenika koela anjèlèhaken sadaja gagasan prakawis ébahing djaman, ladjeng anggolongaken angen-angen, ingkang saladjengipoen koela goebah wonten ing Ontjèn dinten poenika. Djer, . . . ingkang kondoer dateng kalanggengan dinten poenika, prijantoen ingkang boten sakedik lalabetanipoen dateng Missie Djawi!

Sekar ingkang sampoen doemoegi titi-mangsanipoen, ladjeng aloem, gogrog, oewal saking salaga. Semanten oegi raganing manoengsa. Manawi sampoen doemoegi titi-mangsanipoen ladjeng saja soeda kekijatanipoen, . . satemah poen soekma ontjat saking wadagipoen.

Nanging gogroging sekar, boten anilar tilas. Wangsoel séda Pandjenengan, . . Rama, . . anilar asma saé, angganda aroem anjarambahi saindeng djagad Katholiek. Asma Pandjenengan, lalabetan Pandjenengan, badé tjinatet mawi seratan prada, wonten ing babading Missie Djawi!

*„Dilectus Deo et hominibus!"* : *„Dèwèké ditresnani Pangéran lan manoengsa"* makaten tjarijosipoen Kitab Soetji.

Saèstoe!! Pandjenengan mila tinresnan ing Pangéran. Poenika katjihna anggèn Pandjenengan saprika-sapriki tansah anetepi wadjib. Katresnan pandjenengan dateng Allah tanpa oepami; ngantos pandjenengan réntjangi amengkeraken donja, nilar rama-iboe, tindak dateng sabrang laoetan. Amila Pangéran mesti inggih nresnani pandjenengan. Djer Pandjenenganipoen sampoen andawoehaken: . . *„ego diligentes Me diligo"* — *„Ingsoen nresnani sapa waé sing nresnani Pandjenengan-ingsoen."*

Nanging, . . . katresnan Pandjenengan boten namoeng dateng Pangéran. Pandjenengan inggih anetepi Dawoeh bakoe: „nresnanana papadamoe dikaja marang awakira déwé." Amila, . . . asma Pandjenengan inggih ambabar ganda aroem, wangi!

Rama Hoevenaars! Atas namanipoen gotrah Katholiek Djawi, koela ngatoeraken béla soengkawa. Atas namanipoen gotrah Katholiek Djawi, koela ngatoeraken genging panoewoen dateng sadaja lalabetan Pandjenengan.

Prihatosing manah koela, . . koela poepoes; . . Koela birat, mandjinga dados pangabekti. . . . . . . Koela badé sami njenjoewoen andedonga, wonten salebeting Mis Soetji ingkang kaoendjoekaken kagem Pandjenengan.

O, moegi wandawa Katholiek Djawi, kasawabana barkah Pandjenengan. Sageda noelad toetoeladan Pandjenengan. Katresnanipoen dateng Pangéran, katresnanipoen dateng sasami, . . . sageda moeroeb makantar-kantar, kados Pandjenengan. Toemoesipoen sageda andajani damel ajoening djagad Djawi.

Kumuningsaselé, 6 September '30.
Taklim: *Patjar Mérah.*

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang **moerah**

| DJOKJA | BANDOENG |
| --- | --- |
| Telf. 252 | Telf. 226 |

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja SWARA TAMA,** dengan bawa lembaran Swara Tama **dapat POTONGAN.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

**Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!**

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

Boeat toean poenja

**Recept**[2]

ERCEE

APOTHEKEN

**Rathkamp & Co**

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

**Sepeda-sepeda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

**Sedija oegi sepeda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.
Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.
PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

**Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:**
**„WIRJOSOESENO"**
**Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.**

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

**kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;**
**sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;**

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING
**Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.**

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

| | |
| --- | --- |
| Ambarawa | 6. -7.30. |
| Amboina | 7.30. |
| Bagan Siapi-api | 7.30. |
| Bandoeng | 6 - 7.30 - 9. |
| Benkoelen | 7.30 - 9. |
| Blitar | 7.30. |
| Buitenzorg | 6 - 8. |
| Cheribon | 7.30. |
| Djember | 7.30. |
| Djokja: | |
| Kampementstraat Eur. | 7 - 9. |
| „ Jav. | 6 - 8. |
| Kota Baroe | 6 - 7.30. |
| Djombang [1]) | 7.30. |
| Fort de Kock | 7.30. |
| Gandjoeran [2]) | 7. |
| Gombong [3]) | 7.30. |
| Keboemèn [4]) | 7.30. |
| Kediri | 7.30. |
| Klatèn | 7.30. |
| Koeta Radja | 6.30 - 8. |
| Lamah | 5.30 - 6 - 8. |
| Lawang [5]) | 7. |
| Madioen | 6 - 7.30. |
| Magelang | 7 9. |
| Makassar | 6 - 7.30. |
| Malang | 6 - 7.15 - 8.30. |
| Manado | 6 - 7.30. |
| Medan | 6.30 - 8 - 8.30 (tjina). 9.30 (mal.). |
| Medari [6]) | 7.30. |
| Meester Corn. | 7 - 9. |
| Mendoet | 6 - 7.30. |
| Modjokerto | 6 - 8. |
| Moentilan | 5 - 6 - 8. |
| Muntok | 8. |
| Ngawi [7]) | 7.30. |
| Padang | 7 - 8.15 - 9 (tjina). |
| Padang Pandjang | 7.30. |
| Pajakoembo | 7.30. |
| Palembang | 7 - 9. |
| Pasoeroean [1]) | 7.30. |
| Pekalongan [8]) | 6.30 - 8. |
| Pemangkat | 8.30. |
| Poerwokerto | 7.30. |
| Poerworedjo | 7 - 8.30. |
| Pontianak | 7 - 8.30. |
| Probolinggo | 7.30. |
| Salatiga | 7.30. |
| Sambas | 6 - 8.30. |
| Sambong | 8. |
| Sawah Loento | 7 - 8.30. |
| Sedajoe | 7. |
| Sedjiram | 5.45 - 8.30. |
| Semarang: | |
| Gedangan | 6 - 8. |
| Bangkong | 6.30 - 830. |
| Tjandi | 7.30. |
| Randoesari | 7 - 9. |
| Singkawang | 6.30 - 9. |
| Soekaboemi | 6 - 7.30. |
| Heuvel | 5.30. |
| Soerabaja: | |
| Kepandjèn | 6 - 7 - 9. |
| Anita Boul. | 6 - 7.30 - 9. |
| Soerakarta | 6 - 7 - 8.30. |
| Tandjoeng Balai | 7.30. |
| Tandjoeng Karang | 8. |
| Tandjoeng Sakti | 7.30. |
| Tara-Tara | 7.30. |
| Tegal | 6.30 - 8. |
| Tering | 7. |
| Tjilatjap [8]) | 7.30. |
| Tjimahi | 6 - 8. |
| Tomohon | 7 - 8 - 9. |
| Wates [7]) | 7. |
| Weltevreden: | |
| Waterlooplein | 5.45 - 7 - 9. |
| Kramat | 6 - 8 - 9 (mal.). |
| Wonosobo [8]) | 7.30. |
| Woloan | 8.30. |

[1]) 1e. Achad. [2]) 1e. + 3e. Achad. [3]) 2e. Achad. [4]) 1e. Achad tiap² doea boelan. [5]) 1e., 2e., 4e. Achad. [6]) 2e., 4e. Achad. [7]) 3e. Achad. [8]) 3e. Achad.

### SAKING KLATÈN.

**Poetri Klatèn woengoe saré.**

Ing pendapi Kaboepatèn nembé wonten parepatanipoen prijantoen poetri Klatèn, ingkang sami ngrawoehi watawis poetri 45. prijantoen kakoeng bangsa 15san. Ingkang toedjoenipoen badé damel pakempalan soepados para poetri ing Klatèn saja saged netepi koewadjibaning wanita, saja kampijoen ngroekti balé grija, saja djempol anggoela-wentah poetra, anggemèni pamedaling prija, lan angraketaken pasedèrèkan. Ingkang katingal sesorah pandjang lèbar wonten ngrikoe R. Ajoe Sitisoendari Dibjapanata, para maos kados boten kekilapan dateng actienipoen pamedarsabda ingkang tansah merangi dateng tindak wajoeh. Wasana pakempalan kadadosaken, dipoenamani **Tjipta Wanita.** Déné ingkang djoemeneng pangarsaning pakempalan R. Ngantèn Koesrin. R. Ajoe Sitisoendari kadadosaken paran para. Mangga poetri Katholiek Klatèn sampoen ngantos kawon djangkah. Mokal jèn dèrèng mirenga bilih kalangan Katholiek sampoen wonten Melania, P.K.W. poenapa déné Klatèn boten damel tjabang, poenapa poetri R.K. Klatèn djentik sadaja.

**Volkstelling.**

Ramé tjaritanipoen para prijantoen ingkang sami kapilih dados moment saha piriodeteller, ing kawedanan miwah ing pendapi Kaboepatèn kadang-kadang kebak moment toewin piriode perloe dipoenwoetjali kadospoendi badé toemindakipoen. Margi wonten setopan main, jèn wonten djagongan volkstelling sok dados patjitan, karembag pigoenanipoen, mila ingkang dèrèng gamblang dateng saéning volkstelling, wonten ngrikoe ladjeng sami moedeng kanti tjeta, mila ingkang sami katoeding semoenipoen inggih sami rena, namoeng goemoen koela ingkang sami kapilih waoe sadaja prijantoen Djawi, poenapa Walandi oetawi Tionghoa, boten kénging dados moment oetawi piriode, manawi ingkang dipoendatengi para moment saha piriode waoe Walandi totok boten saged tjara Mlajoe, oetawi Tionghoa singkèk ingkang tesih totok oegi, poenapa boten ketjipoean, mangka ingkang katoeding dados moment saha piriode waoe sawenèh wonten ingkang tesih laré, tesih sekolah, malah moerid koela wonten ingkang kapilih. Moegi-moegi sageda toemindak kanti gampil sampoen ngantos wonten pakèwed poenapa-poenapa.

**Harmston.**

Tanggal 3 Sept. '30 Klatèn kedatengan Harmston kemidi koeda, namoeng main 2 daloe, nanging nadjan namoeng kalih daloe, mesa sampoen loemajan sanget pikantoekipoen, nitik ingkang ningali katah sanget, klas gètèk ngantos ketelasan panggènan. Katahipoen tijang ningali poenika pandoegi koela margi sampoen dangoe boten wonten Harmston dateng, malah dèrèng dangoe, oegi wonten Harmston dateng Klatèn, tjagak-tjagak sampoen sami dipoenpasang, djeboel éndjingipoen dipoenboeboeti malih boten èstoe, kilap sebabipoen.

*Mangkak. 9-9-'30.*

## MANTJA NAGARI.

**HINDOESTAN.** Kawontenan ing ngrika taksih resah. Tilgram saking Bombay tanggal 5 njarijosaken dinten kawan-woelanipoen Gandhi wonten tahanan dipoenmoeljakaken sarana damel sarem wonten pasisir Chowpatty. Katah tijang ingkang nenggani pandameling sarem ing dinten waoe. Ing Wilson Missionary College wonten gendra sakedik, margi para student sanadjan sampoen ingawisan, meksa mandjer bandéra kabangsan. Katjarijos panoentoen ingkang mangagengi pandameling sarem kaseboet nginggil, i.p. Trivedie lan Guzder, sami katahan.

Poelisi mentas angoesir tijang pinten-pinten wonten doesoen Bilassji, adamel pedjahipoen tijang kalih, lan natoni tijang pinten-pinten. Golongan poelisi dipoenbentoeri séla.

**NEDERLAND lan AFRIKA.** Minister Hertzog mentas nampèni sowanipoen pangrèh Alg. Ned. Verbond, lan angakeni bilih toemrap prakawis kaboedajan (cultuur), Nederland kedah njamboet damel sasarengan kalijan Afrika. Pandjenenganipoen anjagahi badé ngadjengaken afd. Ned. Verbond ing Afrika.

**AMERIKA (CUBA).** *Kasangsaran ageng.*

Amerika salebetipoen minggoe kapengker, katradjang prahara. Ing Santo Domingo, doemoegi tanggal 5 September, tijang ingkang sampoen kantenan pedjah wonten 1.000, déné ingkang kataton mèh 2.500.

Ing San Juan, tijang ingkang pedjah boten kirang saking 800; poenika dèrèng sadaja.

Ing Santo Domingo sampoen wonten titikanipoen, tetijang sami kambah bebaja patjeklik:

Gedong-gedong ing Santo Domingo katah sanget ingkang risak, kalebet oegi kadatonipoen president, gedong Kamer van Gedeputeerden, Hof van Appel, Biro oetoesan Amerika, gedong-gedong pakarjan tilpoen, lampoe toewin toja.

Tetijang sami riboet andoedahi majit-majit ingkang kasasaban risakan grija. Majit-majit waoe pantjènipoen makaten badé kapendem, nanging boten ketjonggah, amila ladjeng namoeng kabesmi.

Opsir Marine kekalih ing Amerika Sarékat mentas maboer dateng Santo Domingo, sarta tanggal 5 September kintoen tilgram: „kaanan ing kéné anggegirisi banget, preloe énggal olèh pitoeloengan dokter lan tamba-tamba akèh."

**TIONGKOK.** Pawartos saking Peiping tanggal 5 September, anjarijosaken bilih kapal maboeripoen wadya kabangsan andawahaken bom wonten Tsjengtsjow, ing prov. Honan. Tijang alit ingkang boten lepat, wonten sawatawis ingkang tiwas.

Dedamel ingkang kadawahaken mangandap déning wadya Lèr boten kirang saking 33, sarta manoet papriksan dadamel poenika waoe mèh 80% wedalan Djerman toewin Amerika.

Kala tanggal 4 September, tetijang ing Sjasi sami gègèr, margi wonten tijang kominis 3.000, ngrabasa kita waoe. Sasampoenipoeh tjampoeh ngantos tigang djam, barisan kominis saged kaoendoeraken barisan regeering. Sadaja tijang Djepang ing ngrikoe, poenapa déné 3/4 nipoen tijang Amerika lan Inggris sami ngoengsi wonten baita perang Djepang ingkang nama „Atami."

**TOERKI.** Ing ngrika mentas wonten tijang 30 dipoentjepeng poelisi (-kaoem berah, studenten, professoren-), gandèng kalijan konanganipoen komplot-kominis winados ingkang nedya mengsah paréntah.

**ROESLAN.** Ing ngrika mentas wonten komplot winados konangan. Komplot waoe sedyanipoen badé ngleboer paprèntahan Sovjet.

**SEPANJOL.** Ing ngrika badé toemoenten wonten awisan angoemoemaken pawartos-pawartos ingkang moetawatosi wonten serat-serat kabar (alarmeerende berichten).

KLEERMAKER ACHMAD
TAMBAKSEGARAN
SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng
**mawi modèl warni-warni; oegi nampi welingan badé roepi-roepi.**
DAMELANIPOEN NÈTJES:
ÉPAHANIPOEN PANTES.
EIGENAAR ACHMADJASIN

# ONDERWIJS.

## GAPJAK-SOEMANAK-SOEGIH-SANAK.

Sampoen lami, lan sampoen katah, pangendika lan reraosan ingkang koela pireng, malah oegi sampoen naté kawrat ing Sw. Tm. ngriki, i. p. gampilanipoen bab sesrawoenganing golongan Djawi Kath., poenika sanadyan sampoen toenggil kapitadosan, toenggil pangèn, éwasamanten taksih kénging dipoenwastani pilah-pilah oet. golong-golongan, kénging kaoepamèkaken kados-déné wontening koewih-lapis; nadyan woedjoed lan barang satoenggal, éwasamanten meksa sapsapan. Lan ingkang kados makaten poenika ratjak para kawogan toewin ingkang sami ngrembag adjenging sadèrèk Djawi Kath., sampoen sami ngroemaosi, jèn poenika andadosaken pepalang ingkang kalebet ageng toemrap adjengipoen golongan kita kaoem ngandap. Mila oegi sami boten katlompèn inggih ladjeng sami ngréka-daja kados-poendi soepados kawontenan mekaten waoe sampoen ngantos lestantoen, senadyan ingkang golongan ngandap kémawon oegi wonten ingkang toemoet-toemoet kerdja keras, moerih itjalipoen kawontenan poenika. — Leres mbokmenawi inggih wonten ingkang kagoengan penggalih „olehé pilah-pilah sesrawoenganė rak ja wis sabeneré baé ta, merga béda-bédaning pangkat, panggaotan, malah wewatekané oega béda, dadi olèhé kaja mangkono rak kagawa saka kaanan werna-werna."

Inggih mila mekaten; nanging toedjoening orèhan koela, boten teka badé madosi sebab-sebabipoen, namoeng badé oeroen-oeroen rembag, soepados toentoenanipoen para pengandjoer kita, sageda kagatosaken oegi ing golongan ngandap. Mergi saking kajakinan koela, kok ingkang saja dangoe saja ageng indaking adjengipoen, langkoeng-langkoeng toemraping pakempalan-pakempalan, poenika mèh sadaja para inggil-inggil. Mangka jèn ningali toemandangipoen pengandjoer kita, oet. para kawogan wah ta sampoen boten kadosa; nanging menawi koela ningali ngandap, poenika ladjeng setengah nangis, mergi ingkang katah-katah kirang nggatosaken pangadjakipoen nginggil. Mila koela boten goemoen jèn katah para sadèrèk Djawi Kath. ingkang ladjeng sami amboedi-daja wontenipoen kereping pepanggihan, kados oepaminipoen ing Jodja, roemijin sampoen naté wonten para kadang Kath. sepoeh, sami pepanggihan pendak sawoelan sapisan, papan oendoeh-oendoehan, ingkang toedjoenipoen inggih namoeng roemaketing sesedérékan; mekaten malih doemoegi sapriki taksih katah réka-réka ingkang sami kaetjakaken ing satoenggil-toenggiling panggénan. Lan malih srana oet. réka oegi sampoen koela sipati wohipoen, toemraping kamaremaning panoentoen lan saéning kadadosanipoen ingkang katoentoen, i.p. panoentoen waoe gapjak sanget, malah kénging koela wastani saged adjoer-adjèr, ngantos ngertos dateng watak-wantoening ngandap, mila ladjeng saged ngertos kabetahanipoen ngandap oegi.

Gapjak! soegih sanak, para sadèrèk! poenika kajakinan koela. Padatan Djawi sampoen toemindak saé „jèn nginggil kersa ngroemijini, ngandap noetoeti," poenika sampoen katah boektinipoen, malah sampoen limrah jèn para gadah pangkat, angsalipoen koermat (langkoeng dipoenkoermati) mergi kersa ngroemijini oermat, nadyan ngandap waoe boten kebawah. Ingkang makaten waoe andadosaken sapengendikanipoen prasasat mèh kagega sadaja. Mila samangsa para pengandjoering pakempalan (nadyan boten kagoengan pangkat), kersa nglenggahi gapjak, temtoe gampil badé nglebetaken toentoenanipoen. Mangka jèn golongan ngandap miwiti gapjak (ngroeroehi roemijin) poenika angèl, mergi roemaosipoen deksoera oet. kirang poeroenipoen, mila angèl jèn ngandap badé tepang kalijan nginggil, samangsa nginggil boten kersa ngloemoehi. Nanging samangsa nginggil ngawoni ngandap nanggapi, dados tepang, jèn sampoen tepang, adat ingkang sampoen kelampahan gampil tresnanipoen, mergi soemerep kanti gampil dateng lelabetanipoen nginggil, jèn sampoen tresna gampil moeloengipoen sarta langkoeng anggatosaken oegi toentoenan sarta pengendikanipoen nginggil. Ingkang mekaten waoe ladjeng nggampilaken oegi adjenging kadang kita Djawi Kath.

Wasana atoer koela ing nginggil koela soemanggakaken para maos, langkoeng-langkoeng panoentoening pakempalan-pakempalan.

Koela:

*Tjablaka.*

## OPENBAAR ONDRWIJS — BIJZONDER ONDERWIJS!!

[Sad. H. Soetadi — Mr. C.C. van Helsdingen].

*Persediaan oeang oentoek mentjoekoepi onderwijs itoe boekan berarti oeang jang diboeang-boeang, tetapi berarti menjimpan oeang jang kelak achirnja kita bakal dapat memetik boeahnja (Petikan rede Volksraadlid H. Soetadi. zie DK. no. 185).*

—o—

Sadèrèk!!

Tetemboengan nginggil poenika pantjèn leres sanget!!

Pandjenengan priksa kados-poendi ngelakipoen ra'jat Indonesia dateng onderwijs!! Pandjenengan priksa oegi bilih onderwijs ing tn. Indonesia wonten 2 warni i. p. openbaar onderwijs lan bijzonder onderwijs — Neutraal onderwijs lan confessioneel onderwijs!! Pandjenengan priksa oegi actienipoen N.I.O.G. (Ned. Indische Onderwijs Genootschap ingkang sok dipoenparabi Naar Indonesië Om Geld.) Anggènipoen njenjeri dateng confessioneel onderwijs — saha ingkang H.B. ripoen mentas ngedalaken Brochure — moelas — mrada — moepoeri neutraal onderwijs — lan kosok-wangsoelipoen — njlorèngi ingkang boten-boten dateng confessioneel onderwijs!!

Sinten ingkang maos karanganipoen journalist A ing „De Koerier" ingkang atitel „VAN EEN ERGELIJK PLEIDOOI" temtoe ladjeng ngertos sapinten gegémbolanipoen NIOG dateng confessioneel onderwijs—althans Katholiek onderwijs!!!

*

Para sadèrèk!!

Wonten ing Volksraad nembé wingi sad: H. Soetadi nalika ngrembag babagan onderwijs — oegi doemoegi ngrembag neutraal onderwijs — confessioneel onderwijs!! Sad. H. Soetadi damel critiek keras sanget toemoedjoe dateng Protestant onderwijs lan Katholiek onderwijs; ngantos warga raad kawoela tw. Van Aalderen mastani bilih sad. H. Soetadi kelatjoeten anggènipoen ngritiek confessioneel onderwijs. (Mataram 16 Augustus — Middag Blad!!)

Rembagipoen sad: H. Soetadi waoe wonten ingkang koela petik ing ngriki — ingkang gegajoetan kalijan bab ing karangan koela kasboet nginggil. (tjekak aos kémawon).

„Wonten ing tn. Islam poenika sampoen dados wadjibipoen pamaréntah maringi Islam Onderwijs dateng ra'jat, oetawi apesipoen onderwijs ingkang adedasar neutraal. Nanging boten kok speciaal Christen onderwijs. Saladjengipoen njarijosaken bilih poeroenipoen ra'jat nglebetaken anakipoen dateng pamoelangan: Christen waoe margi kabekta saking kepèpètipoen, djalaran mbetahaken sanget. Njrijosaken bilih nagari anggènipoen ambantoe dateng bijzonder onderwijs djalaran nagari kekirangan personeel- kekirangan goeroe. Gegajoetan lan kekirangan goeroe poenika sad. H. Soetadi njoengoelaken wontenipoen tatanan énggal ngindaki premie Hoofdacte opleiding, saged ngangsalaken kasil saé; makaten oegi sad. H. S. roedjoek jèn blandjanipoen goeroe-goeroe saking negari Welandi dipoenindaki, soepados katah ingkang seneng: dados kekiranganipoen negari ingatasipoen goeroe saged katoetoep. Kadjawi poenika wontenipoen Hoofdacte opleiding kanggé sad:-sad: H.K.S. oegi tjalon ngatahaken sad: goeroe ingkang bevoegd moelang tinimbang kawontenan sapoenika. Moegi bab poenika pamaréntah kersaa nandjakaken kanggé njoeda tjatjahing pamoelangan ingkang kapasrahaken dateng pak: Christen ingkang manoet pamanggihipoen sad: H.S. nggadahi pamoelangan langkoeng katah tinimbang pamoelangan neutraal; ingkang poenika moegi nagari kersaa ngatahi pamoelangan neutraal, djalaran voorstanders pamoelangan neutraal langkoeng katah tinimbang bijzonder. Sad: H. S. ngatingalaken koewatosipoen jèn nagari kekatahen maringi subsidie dateng pamoelangan-pamoelangan particulier, ladjeng tjalon kedoewoeng ingatasing anggènipoen nindaken wadjib!

Makaten oegi njrijosaken bilih langkoeng inggil lan saéning woelangan ing bijz: scholen poenika ndjalari katahipoen moerid-moerid pamoelangan neutraal (negari) ingkang ngalih dateng pamoelangan particulier."

Samanten redenipoen sad: H. Soetadi ingkang pantes koela petik ingriki!!

Leres, ing beboeka sad: waoe njrijosaken bilih kanggénipoen tn. Islam kados tn. Indonesia, wadjib negari maringi onderwijs ingkang dedasar Islam dateng ra'jat, oetawi sak boten-botenipoen onderwijs ingkang dedasar neutraal; nanging jèn kita gatosaken sajektos rede H. Soetadèn waoe kita temtoe mangertos bilih sad: H. S. waoe een voorstander van 't Neutraal onderwijs — ing saladjengipoen saged nggagapi bilih sad. waoe temtoe mantoek dateng actienipoen bala neutraal onderwijs ingkang patjak baris wonten ing N. I. O. G.

*

Para sadèrèk!!

Sadèrèngipoen koela ngedalaken pamanggih koela gegajoetan kalijan babagan kasboet nginggil, kados wonten goenanipoen jèn koela njoeplik wangsoelanipoen warga raad kawoela sad: Mr. C. C. van Helsdingen wakil C.S.P. (N.B. sad: H. Soet: poenika partijloos: roemijin wontenipoen Volksraad katèken journalist; nanging sapoenika sad: waoe sampoen boten dados djornalis!)

„Mr. van Helsdingen ngakeni tjrijosipoen sad: H. Soetadi bilih ra'jat nglebetaken anakipoen dateng pam: Christen poenika namoeng badé ngangsoe kawroeh; prakawis agami kapanggih wingking, Mr. van Helsdingen pitakèn poenapa sababipoen pamoelangan-pamoelangan particulier kebak mentjeb-mentjeb, ingkang terkadang pamoelangan nagari ngroewis moeridipoen, mangka sami kémawon (ingatasing peil-ipoen — ingkang kakersakaken waoe ingkang toenggil panggénan). Poenapa boten margi bijzondere scholen langkoeng saé tinimbang openbare scholen? Katah para tijang sepoehing laré ingkang marem njekolahaken anakipoen dateng pamoelangan Christen! Njrijosaken bilih roemijin ing Nederland katah ingkang tegen lan bijzonder onderwijs, pro lan openbaar onderwijs; (nanging sapoenika kosok-wangsoel Hc.) makaten oegi conclusie parepatan Ned: Indisch Genootschap" ingkang nalika samanten oegi ngrembag bijzonder onderwijs, katah tijang-tijang sanès Christen ingkang ngakeni paédahipoen Christelijk onderwijs!

Sad. Soet. nganggep confessioneel onderwijs damel pitoena kanggé ra'jat ingkang pitados Islam, nanging poenapa boten sami kémawon, openbaar onderwijs oegi damel pitoena dateng kapitadosan waoe. Kedjawi poenika Mr. van Helsdingen ngémoetaken bilih panggoela-wentah makaten dados wadjibipoen tijang sepoeh; nanging sanès paréntah! Wonten ing algemeene beschouwingen katah para warga raad kawoela ingkang gambira ningali kaactiefanipoen pakempalan-pakempalanipoen tijang priboemi, ingkang sami ngoedi dateng kamadjenganing onderwijs! Mr. van H. ngaosi sanget ngalembana dateng Pak. Pasoendan, M. D., Studieclub saha memoedji moegi paréntah saja ageng pambijantoenipoen, saha katah sekolahanipoen ingkang angsal subsidie!

Mr. van H. metik karangan saking tw. de Dreu ingkang kaseboet ing Handelingen ktj. 994 njrijosaken bilih kawontenanipoen goeroe-goeroe djaler lan èstri ingkang toenggil sekolahan, kirang njenengaken! (ing pamoelangan openbaar). Poenapa actiening pamaréntah ngatahi jasa pamoelangan openbaar waoe boten saja ndjalari katahing prakawis ingkang kirang njenengaken waoe?

(..... Zou bij toenemende actie der Overheid bij oprichting van Openbare Scholen die verhouding niet nog veel ongunstiger worden? Zie De Banier 21 Augustus katja 349).

Prakawis langkoeng njaèni positie-ning goeroe-goeroe saking negari Walandi, soepados Indija saged angsal goeroe katah, poenika tjalon ngrendeti kamadjenganing onderwijs ingriki, djalaran sapéranganing arta ingkang kanggé njaèkaken onderwijs ladjeng namoeng toemoedjoe kanggé njaèkaken positie-nipoen goeroe-goeroe saking nagari Walandi waoe.

Kedjawi poenika, gèk tjalon sapinten kamadjenganipoen onderwijs ing Indonesia poenika, jèn bijzonder onderwijs ladjeng medot pambijantoenipoen; poenapa boten damel pitoena ageng kanggé ra'jat Indonesia!

* * *

Tjekap semanten kémawon, pametik koela wangsoelan saking Mr. van Helsdingen ingkang toemoedjoe dateng sad. Soetadi.

Doemoegi ngriki pandjenengan temtoe saged manggalih kados-poendi menggahing kanjataanipoen; saged manggalih wonten ing poendi graading bijzonder onderwijs!

Pitakènipoen Mr. van Helsdingen „Poenapa boten mergi confessioneel onderwijs langkoeng saé tinimbang openbare onderwijs" tjekap kanggé mangsoeli sad. Soetadi, bilih ra'jat nglebetaken anakipoen dateng bijzonder onderwijs waoe boten margi kapeksa, nanging sampoen kapikir kanti weninging manah; tijang sepoeh rak gadah kamardikan njakolahaken anakipoen! Bab prakawis sakolahan part. woelanganipoen langkoeng inggil tinimbang pam. openbaar, poenika kanggé koela dédé barang-bèrèng, nanging satoenggiling tanda bilih pam. particnlier anggènipoen njamboet damel ngemen-emenaken; bilih toedjoe minteraken ra'jat dipoengondèli sajektos! Moegi pamoelangan Goep. oegi niroea makaten!!

Sad. Soetadi: Margi pam. particulier woelanganipoen kadamel inggil, pamoelangan openbaar ladjeng niroe, dados ra'jat Indonesia bati!

Kirang pitados:

a. N.S. Kath. mawi bs. Walandi; sapoenika N.S. Goep. toemoet-toemoet!

b. Missie gadah Leerschool mawi Klas VI, Goepermèn ladjeng toemoet-toemoet. Taksih wonten toenggilipoen malih!!

Kadjawi poenika: Leres sanget, bilih babagan panggoela-wentah makaten sanès monopoliening pamaréntah!! Pamaréntah kedah mbantoe dateng initiatiefing ra'jat ingkang saé! Pamaréntah kedah ngakeni dateng kaantepaning ra'jat Indonesia, ingkang mawarni-warni poenika!

Manawi onderwijs dados monopoliening pamaréntah, poenapa ra'jat boten ladjeng nama kapeksa poeroenipoen njakolahaken anakipoen dateng openbare scholen, ingkang babagan poenika pamaréntah temtoe boten karsa nindakaken! Awit tijang-tijang sami gadah kadjeng, ndidik anakipoen, inggih wonten ing pamoelangan - pamoelangan inggih wonten ing grija, manoet kaantepanipoen.

Dados sarèhning pam. Goep. makaten adedasar neutraal, mila ladjeng wonten particuliere initiatief, saha sampoen wadjibipoen jèn pamaréntah mbantoe dateng part. initiatief waoe.

Gandèng kalijan poenapa ingkang sampoen toemindak ing nagari mantja, ra'jat saja madjeng, pamoelangan openbaar saja soeda, saja kirang padjeng, inggih kabekta saking ra'jat badé ndidik anak-anakipoen manoet kaantepanipoen.

Dados nitik poenika, kados boten badé saged ngalang-alangi wontenipoen particuliere initiatief waoe, kabekta sadèrèk Islam golongan P. S. I. I. inggih kapéngin jasa pamoelangan pijambak, katata mawi dedasar ka-Islaman, M. D. idem, Protestant, Katholiek, Theosophie, Nationalisten makaten oegi.

Koela pepoedji moegi-moegi Indonesia kebak pamoelangan, inggih Goepermèn inggih particulier. Moegi tn. Indonesia kebaka pamoelangan jasanipoen pakempalan-pakempalan Indonesia, ingkang mratandani ra'jat sampoen tangi jektos; makaten oegi kanggé sinaoe noedjoe dateng „zelfwerkzaamheid." Saiba asrinipoen Indonesia, jèn kebak pamoelangan-pamoelangan jasan B. O., P. S. I., M.D., Studieclub, P.P.I.I., P.P.K.D., P.K.W., P.W.K. l.s.p.

Kanggé djaman ra'jat Indonesia ngelak sanget dateng onderwijs poenika, particuliere initiatief kedah namoeng boten toemindak sasekétjanipoen, nanging kedah ngatingalaken tandanipoen, njamboet-damel ngetog karosan, mbantoe pamaréntah, minteraken ra'jat Indonesia, djer maringi onderwijs makaten maringi adji-adji, djer onderwijs makaten ageng sanget paédahipoen.

Boten lija moegi sadaja pakempalan-pakempalan samia mempeng anggènipoen ngadani onderwijsactie, moerih ra'jat kita énggala pinter, tjita-tjita kita énggal kadoemoegèn.

„TRENGGANA."

# KOEROESÉTRA.

## OEROEN REMBAG SAKEDIK.

Sareng koela maos Swara-Tama, ingkang atitel, katoer doemateng ingkang kagoengan pangoewaos, inggih poenika karanganipoen sad. Pajon sari, jèn ta nagari oetawi para pangrèh pradja kersa manggalih, wah kados poenapa kémawon mongkoging sad. Indonésia ingkang katjingkrangan kados sakoela poenika, é, la, bok béndjing poenapa kelampahan madeg, kados poenapa ta, sakétjanipoen sad. Indonésia, mangka saking pamireng koela, sasambatipoen sad. Indonésia, poenika kados déné peksi dandang ngelak, oetawi peksi tik, tik, tir, inggih poenika peksi ingkang dipoen-girisi para tijang djawi. Poenapa malih jèn rantjangan tjlimèn poenika kapanggalih, poenapa para pangrèhing pradja, boten sami soeka oetawi rena ing panggalih, djalaran kawoelanipoen sami boten nandang tjintraka oetawi keloewèn, saking panginten koela, rena embahning rena, mèh prasasat karenanipoen bapa dateng anak, saged anjembadani poenapa ingkang dipoenkadjengakaken anak.

Samanten poenika sadaja jèn ta bangsa kita boten bosenan, oetawi boten manggalih: AKOE TA WONG WIS TOEWA, ora bakal mangan wohé, oetawi malih boten gadah gagasan ingkang kados makaten, sanadjana akoe mèloe koempoelan, ta doeroeng mesti, jèn ta akoe diwènèhi batèn, adja manèh batèn diwènèhana, lagi baboné baé bésoek ora bakal dibalèkaké. O, sad. kita oetawi ingkang dipoenrékakaken, sampoen manggalih ingkang kados makaten poenika, sad. Pajon sari sampoen ngandika, bilih arta 1 cent ing dalem sawoelan poenika kaanggepa itjal, djalaran poenapa, oepami ta poenika sadaja dados, tembé wingking sinten ingkang manggih sakétja, rak para poetra wajah, nanging inggih boten makaten, koela sedaja, jèn poenika kaleksanan, inggih sampoen nama neda oetawi ngraosaken wohipoen, poendi wohipoen waoe? Wohipoen inggih poenika, jèn koela oetawi bijang bajèk, tetoembas, jatra saketip namoeng dipoenpendet bati 1 cent, mangka manawi toembas sanès, dipoenpendet kalih oetawi $2^1/_2$ cent dados jèn makaten koela sampoen nama neda wohipoen 1 cent oetawi $1^1/_2$ cent.

Poenika saweg jatra saketip ing sadinten, sawoelan sampoen pinten, koela rak nama sampoen bati oetawi soeda medaling arta, mangka pamedalipoen taksih adjeg, poenapa boten seneng kados makaten poenika, koela kémawon sampoen saged seneng, poenapa poetra wajah béndjing jèn taksih lestantoen boten langkoeng seneng, saking panginten koela langkoeng seneng malih katimbang koela sadaja.

Wasana sadaja poenika koela soemanggakaken ingkang kagoengan pangoewaos.

koela nak ndèrèk
PAJON SARI,
poen
POETJANG SARI.

Gs. 6-9-'30.

## CORRESPONDENTIE.

*P. Djokja.* Karangan pandjenengan „Longgar kaslempit" saking pamawas-mawas kita teka kirang prajogi manawi kapatjaka.

*Abn. 302. Th. M. Pemalang.* Arta f 3,— poenika saweg kanggé kwt. II + III (1930).

*Abn. 711.* Paring pandjenengan arta f 3,— ing woelan Agoestoes sampoen doemoegi. Matoer noewoen.

*N. V. Cigarettenfabriek Mac. Gillavry.* De Administratie heeft Uw *keurig* gedenkboekske ontvangen. m. h. d. Cf. Deze aflelevering „Oerap sari."

*Abn. 201.* Kita sampoen tampi postwissel pandjenengan katahipoen f 3,—. Déné sapoenika toenggakan pandjenengan kanggé taoen 1930 taksih f 0,75 (pitoeng dasa gangsal sèn).

*Abn. 618.* E. J. Widyasoesanta, Petjangaan, pindah poendi??

## R. I. P.

Kala 29-8-30 sadèrèk Th. Sontani Hadipranata, sasampoenipoen tampi Sakramèn-Sakramèn kapoendoet dateng djaman kalanggengan.

Ngatoeraken genging panoewoen dateng rama-rama Pastoor, para Broeder lan Zuster, lan dateng sadaja sadèrèk kakoeng poetri ingkang sampoen karsa oedoe baoe soekoe ndjagi lan ngrimat dateng sadèrèk Th. Hadipranata wiwit sakit doemoegi tilaripoen.

Poerwaredja 3-9-30

nDèrèk béla soengkawa — *fam. Dirdjawinata*

Ahli waris — *Mevr. Th. Hadipranata.*

mèloe Dadjzal sarta anggoegoe karepé déwé, anglakoni panggawé maksijt awarna-warna, tipis iman lan ka-Islamané.

Akoe wis anjoewoen marang Allah soepaja wong-wong koewi maoe diawat-awati Allah pijambak adja nganti pada anglakoni apa-apa kang dadi larangan.

Ahmad, pakabaran iki asal saka Louh Mahfoedz, lan koedoe énggal-énggal diwartakaké marang oemat Islam ing saloemahing djagad. Wong kang ngandel pawarta iki bakal moenggah Swarga, déné sing ora ing bésoek dina kijamat dadi moengsoehkoe, sarta katjemploengaké ing geni naraka.

Makaten pawartos ingkang soemebar ing Prijangan lan Tjirebon. Sèh Ahmad anetepaken leresing kabar waoe sarana soempah, lan pradjandji manawi ngantos goroh moegi boten dipoenakeni oemat Islam sarta ing béndjing pedjahk apir.

Ing serat poenika, kaseboetaken pawartos waoe kakintoenaken saking Medinah loemantar kongsoel Walandi Raden Palagi.

Pambantoe waoe gadah pamanggih, saged oegi pawartos poenika toewoehipoen saking pasoepenan, amila tijang inggih kedah sampoen ladjeng namoeng anggega kémawon.

### Hoogrechtshof.

Mr. G. G. M. A. Mertens, njoewoen kèndel anggènipoen dados adpokat lan pokroel wonten Pradata Loehoer.

### Soesoehing ngabotohan ing Soemenep.

Ass. wedana ing Soemenep, akalijan pèlpoelisi, mentas anggropjok papan panggénanipoen tijang ngabotohan. Ingkang sami main, sami wantoen, nedya nglawan asistèn wedana waoe mawi arit toewin glati. Nanging asistèn waoe ladjeng ngoengelaken pistoel kaping gangsal, adamel pedjahipoen tijang tiga lan tijang kalih tatoe sanget.

### Kartjis K. N. I. L. M. soeda.

Wiwit tanggal 10 September, maskapé montor maboer K.N.I.L M. angedakaken taripipoen. Roemijin tijang noempak saking Betawi dateng Soerabaja wragadipoen f 115, sapoenika kaoedoenaken dados f 90. Betawi—Semarang roemijin f 70, sapoenika f 60. Semarang—Soerabaja roemijin f 45, sapoenika namoeng f 40.

### Pelaboehan Semarang.

Salebetipoen woelan Agoestoes, pelaboehan Semarang kadatengan baita kapal 175, oekoeranipoen bruto 2.412.913.40 $M^3$. Kala Agoestoes taoen kapengker baita kapal: 197; 2.700.103,66 $M^3$. Wiwit 1 Djanoewari—Agoestoes 1930, baita kapal ingkang andatengi palaboehan waoe, 1375, kala Djanoewari — Agoestoes taoen kapengker, wonten 1372.

### Plesir dateng Bali.

Pangarsa Raad Kawoela, kalijan warga Raad Kwl. 17, sami mentas plesir dateng Bali, noempak baita „Valentyn."

### Dogèr lan kasoesilan.

Kados adat saben ing Jaarmarkt, wonten tetingalan dogèr saking Bandoeng, ingkang adat sabenipoen mesti langkah saking garising kasoesilan.

Katjarijos, tetijang Soenda ing Soerabaja sami roemaos soeda kahoermatanipoen inggih margi tindaking dogèr ingkang *terlaloe* poenika. Amila, kala Ngahad 7 September, tetijang Soenda ing kita Soerabaja sami nglempak wonten pamoelangan partikelir ing Genteng, perloe rerembagan pados ihtijar anjegah tindak ingkang memirangi kasoesilaning wanita waoe. Poetoesanipoen: badé sami neda kalajan sanget dateng pangrèhing Jaarmarkt, soepados angawisi tetingalan dogèr lan krontjong wanita Bandoeng, wonten salebeting Jaarmarkt.

Katjarijos tetijang waoe inggih badé neda pitoeloenganipoen pakempalan-pakempalan ing Soerabaja soepados ambijantonana aksi waoe. Makaten tjarijosipoen *Swara Publiek*. Aksi makaten poenika, pantjèn kedah dipoenbijantoe lan dipoenkijati saèstoe.

### Grija sakit Lawang.

Grija sakit énggal ing Lawang, sampoen kabikak.

### Perhimpoenan Peladjar - Peladjar Indonesia.

Tanggal 20 — 24 September poenika, pakemdalan P. P. P. I. damel konggrès ingkang sapisanan manggèn ing kita Djakarta (Betawi).

### Ming wong édan Inlander wé kok.

Weekblad „Sumatra" martosaken, mentas wonten tijang édan Priboemi kalebetaken ing grija éwah ing hospitaal gadahanipoen Siantaarsche Dokterfonds. Tijang éwah waoe, dipoentoetoep, . . . . sarta ladjeng kesoepèn. Sasampoenipoen sawatawis dinten dipoentoewèni, pinanggih sampoen dados majit, mambet.

Prakawis poenika, dados oeroesaning Joestisi.

### Wana kabesmi.

Aneta saking Batoe martosaken bilih kala Ngahad éndjing wana ing Goenoeng Panderman kabesmi, telas 6 H.A.

### Soepir taksi ambaékot tijang Éropah.

Salebetipoen wonten Peken Gambir poenika, poelisi bagéjan margi, kerep pikantoek wadoelan prakawis sopir taksi anggènipoen ambaékot tetijang koelit petak. *Sin Po*, njarijosaken: manawi wonten bangsa koelit petak badé njéwa taksinipoen, kawangsoelan: „lagi keroesakan, oet. soedah ada orangnja." Nanging manawi ingkang nemboeng bangsa Indonesiër oet. Tionghoa, boten pikantoek wangsoelan makaten poenika. Dados bangsa Éropah boten dipoenopèni.

Sebabing pambaékotan poenika, manoet A. I. D. margi titijang Éropah waoe manawi njéwa taksi, anggènipoen mbajar sakadjeng-kadjengipoen, boten mredoeli tebih oetawi tjelak. Tetijang Éuropa ingkang gadah patrap makaten waoe, sasampoenipoen ngoeloengaken arta loeng, ladjeng teroes amor tijang katah ingkang badé mlebet ing Peken Gambir. Mangka manoet pranatanipoen, taksi ladjeng kedah teroes mlampah, dados soepir boten saged noetoeti tijang ingkang ambajar sakadjèng-kadjengipoen waoe.

### Tamoe Portegis.

Ing Dilly, Timoer, kadatengan ambtenaar bangsa Portegis tiga, asma Terreira, Cardozo lan Castor. Manawi sampoen sami andjadjah tanah Djawi, ladjeng wangsoel dateng Lisabon malih. (— Bokmanawi, manawi ambtenaar waoe ngantjik laladan ngriki, ladjeng kèngetan ingkang boten-boten,: kèngetan kala djaman kina, djaman moemboeling pangoewaos Portegis wonten tanah Wétan. *Red).*

### Pogokan ??

Poelisi Palémbang, pikantoek serat boedeg angèngetaken badé wontening pogokan ing kalangan typografen, saking pangodjokipoen Djabbar, lan Patty ingkang sapoenika kakéndangaken wonten Koeteng, Flores.

Kanggé pogokan waoe Patty pikantoek arta f 250. Djabbar sampoen dipoenpitakèni poelisi, nanging katranganipoen, kabar waoe dora. *(J.B).*

### Ngitjali malaria.

Manoet *Ind. Crt.*, mentas wonten afvalproduct van residu kakintoenaken dateng Digoel, wawrat 60.000 K.G., kanggé ngitjali malaria ing ngrika.

### Arta Bali.

*Ind. Crt.* njarijosaken, nembé poenika wonten arta tembaga - Bali, 120.000 K.G. dipoenloeloeh.

### Rena, . . . . . . Nera.

Roemijin sampoen kawartosaken, ing Betawi wonten kantor pakabaran lan réklame anama Rena, dipoentjepeng t. Zainal lan t. Siagian. Nanging, sapoenika t. Gustaf Adolf Radja Siagian, sampoen késah saking ngrikoe, satemah Rena waoe sapoenika dipoentjepeng t. Zainal pijambak. Lan nama Rena (Reclame en Nieuwsagentschap waoe, sapoenika santoen nama *Nera* (Nieuws en reclame agentschap). Anggènipoen gantos nama waoe, margi t. Siagian, dirèktoeripoen, badé ngelah t. Zainal dateng poelisi, manawi nglestantoenaken nama Rena. *(Bint. Timoer).*

### Postzegel-darma.

A. I. D. njarijosaken, béndjing December poenika saged oegi ing ngriki sampoen wiwit wonten postzegel (prangko) kanggé darma. Kanggé wiwitan ingkang tjalon pikantoek darma saking langkoenganing reregèn postzegel waoe, pakempalan Jeugdzorg ing Bogor. Postzegel ingkang tjalon kanggé darma pangaos 2, 5, $12\frac{1}{2}$, lan 15 sèn, mawi indakan 1, $2\frac{1}{2}$, $2\frac{1}{2}$, lan 5 sèn. Agenging postzegel kirang langkoeng kados agenging postzegel kanggé post oedara sapoenika. Katahipoen satoenggal-toenggaling postzegel 3 à 400.000 lembar, dipoensadé wonten Indonesia, lan djadjahan-djadjahan Welandi sanèsipoen. Gambar-gambaripoen atjéngkok ngriki, kadosta: Tjandi Bali, Boroboedoer, kampoeng Menangkabau lss.

### Boepati Kristen.

Prakawis benoemanipoen Boepati Kristen ing Probolingga, *Het Nieuws* anjarijosaken: Paréntah (— sarembag kalijan Adviseur Inl. Zaken—), boten kagoengan pakèwed poenapa[2] toemprap benoemipoen Radèn Poedjo waoe, amargi „Staatsblad lami" sampoen wonten ingkang njarijosaken, Boepati poenika boten kénging kaanggep dados pangagenging agami Islam.

Angkatan pengoeloe poenika saleresipoen ingkang ngangkat residèn. Kadjawi poenika, tijang boten kénging kasoepèn bilih R. Poedjo sadèrèngipoen poenika sampoen dados patih bawa pribadi, anindakaken pakarjaning regent, lan kala samanten inggih boten wonten swanten poenapa-poenapa saking kalangan Islam.

Kadjawi poenika taksih wonten prakawis preloe satoenggal i. p. „Priester-raden" tjalonipoen badé kasoewak, ladjeng kagentosan „pengoeloe-rechters" ingkang angrembag sadaja prakawis ingkang magepokan kalijan agami Islam. Déné pengoeloe-rechters waoe poenika ingkang ambenoem dédé boepati, nanging Regeering pijambak. Prakawis Islam, poenika wonten sadjawining regent. Saking nginggil, boepati poenika boten kadadosaken pangagenging mesdjid. Tetijang ingkang sami nganggep boepati dados pangagenging mesdjid, poenika manawi angleresi wonten boepati-kadji, kados déné ing Bandoeng.

R. Poedjo, poenika sampoen wongsal-wangsoel dipoenlangkoengi, boten kaangkat dados Boepati, mangka pandamelanipoen mila tjakep, saèstoe. Mila boten adil, manawi boten ladjeng kaangkat, namoeng margi prakawis Agami.

### Peken Gambir.

Doemoegi tanggal 3 September, ingkang ningali peken Gambir, ing Betawi bangsa koelit petak: 69.688, bangsa mantja Wétanan: 92.333, Indonesiërs 223.233. Déné goenggoengipoen arta kartjis doemoegi dinten waoe sampoen wonten f 95.419,50. *(Koerier).*

### Pegatan lan ningkahan.

Kala Agoestoes, tjatjahipoen tijang pegatan ing Bandoeng 352, ningkahan 383, roedjoek 34. Kala Juli, ningkahan 220, pegatan 342, roedjoek 28. Déné arta kas mesdjid ingkang mlebet, ing woelan Agoestoes waoe f 1.152,1 mangka kala Juli namoeng f 808.50, dados mindak mèh 50%. *(Koerier).*

### Sinoewoen ing Soerakarta.

Kala Ngahad wingi poenika, ngarsa dalem I. S. ing Soerakarta tedak martamoe wonten Ngajogjakarta. Kadjawi poenika, manoet *Nieuw Vorstenlanden*, béndjing 16 Sèptèmber, ngarsa dalem Kg. Sinoehoen ing Soerakarta sakalijan garwa, saha poetra poetri dalem Sekar Kedaton, kalijan R. A. Poerbanegara, Pangéran Djatikoesoema, badé tedak Semarang, mriksani baita kapal Oldenbarneveldt. Kadjawi poenika inggih badé anamoni goepernoer Djawi Tengah.

### Stichting Armenzorg, gadahanipoen I. E. V.

Kala 50 taoenan joeswa dalem S. M. R. P. Wilhèlmina poenika, golongan I. E. V. Betawi sami sadé kokar oranje, kanggé kasipoen Stichting kanggé tijang miskin gadahanipoen I. E. V. Angsal-angsalanipoen pikantoek f 2.002,63. Kadjawi poenika Armenzorg waoe taksih badé pikantoek imbetan arta papadjenganipoen sadé kokar saking Soekaboemi, Tjiandjoer, Tangerang, Pandégelang, Rangkasbetoeng, lss. *(Midden Java).*

### Depot-Locomotief dipoensoewak.

Dienstleiding Staatsspoor-en tramwegen amanah badé ngitjali goedang locomotief ing Panaraga, sarta ladjeng kadadosaken satoenggal kalijan Madioen. Dados ateges badé ngirid. Sakedap malih, badé wonten poetoesan èstoe lan botenipoen. *(A. I. D.)*

## -:- VARIA -:-

### Rawoehipoen Padoeka Rama Pastoer Djajasepoetra lan Rama Soekiman wonten Moentilan.

(Saking katahipoen kopi karangan poenika saweg kapatjak ing sapoenika. Red).

Kotjap kala tanggal 31 Agustus woelan kapengker poenika, kinten[2] sampoen wiwit djam 3 sonten para kadang Katholiek ing sakoekoeban Pastoeran Moentilan sampoen ribet sami tata[2], ngrasoek boesana manoet tata tjara (dines) badé metoekaken rawoehipoen Sang Wikoe kekalih ingkang nembé rawoeh saking nagari Walandi ngedjawi; inggih poenika Padoeka Rama Djajasepoetra lan Padoeka Rama Soekiman, Pangèn oetama ingkang noengil bangsa lan kita kadang Katholiek sadaja. Amrih tjetanipoen soemangga koela atoeri filemipoen para sadèrèk Moentilan ing dinten poenika. Ing wantji kasebat nginggil ing sakoebenging pastoeran prasasat boten wonten prijantoen nganggoer, para garwaning goeroe-goeroe ribet sami 'ndandosi ingkang poetra, prijantoen prija kasesa-sesa njikat agemipoen rasoekan, para moeda riboet sami atrap dasi, ngeloes wiron lan ngagem blangkon. Para dwidja-rini lan verpleegster kasesa-sesa badé medal dateng margi, perloe ningali laré H. I. S. pating glidrah, pit-pitan mandeg wonten sakilèn zusteran, djèdjèr kalih-kalih oeroet-oeroetan, tarap-tarap doemoegi margi ingkang ménggok dateng Kebonsari. Laré poenika sadaja sami manganggé tjara padvinder, kemédjan petak, sroewalan biroe tjekak, sembongan sondèr kloewoengan djené lawan petak, nglèwèr ngiwa lawan manengen, ngrenggani poepoek akalih, agombrok séta lawan djenar, lirboeloe-boeloe, saklangkoeng asri dinoeloe. Padvinder-padvinder waoe éstanipoen Tamtama dalem Kangdjeng Santo Bapa. Katahing laré, èdining panganggé, damel kagèting tetijang kaoeman. Tijang[2] poenika sadaja sami kasesa-sesa, salang toendjang rebat-doetjoeng medal saking salebeting grija dateng margi kagèt, ing kebonsari wonten tetingalan, langkoeng déning asri. Sakedap malih tijang-tijang waoe pijak bjak ngadeg ing sapinggiring margi djalaran wonten motor dateng saking kidoel, ndalidir tanpa wonten pedotipoen.

Para prija moeda ingkang tinanggenah déning pangrèhing K. W, saweg sami étja-étja, rengeng-rengeng wonten ing K. W gebouw, kalijan wédangan sinambi gegodjègan, sawang-sinawangan, aben kabregasan, mireng swantening motor dateng, bingoeng, medal dateng latar, mbopong gandéra teroes kanggé ngrengarengga motor-motor ingkang dateng poenika. Saben motor satoenggal dipoensoekani gendéra (djené petak) ageng satoenggal. Sapoenika para warganing K. W lan W. K. nglempak, sareng sampoen angsal motor sadaja Pangarsa K. W. paring sasmita, Pangagenging Padvinder, ngobat-abitaken gendéra, motor-motor pinoeter swantenipoen nggegeteri ladjeng jeg mangkat lonlonan. Andaledeg lampahipoen petoekan, pit motor arak-arak adamel kagèting tijang pakampoengan, sadaja sami ningali dateng margi oemjoeng takèn-tinakèn dateng kantja-kantjanipoen, sawenèh wonten ingkang ndomblong, ndjenger éram soemerep éndah lan katahing motor-motor petoekan. Samargi-margi lampahing petoekan dados tingalan. Sarèhning kala semanten wantjinipoen sampoen radi loengsé, lampahipoen tetoempakan ginelak, sakedap doemoegi ing peken Goelon sadaja mandeg greg teroes tata kados nalika mangkatipoen, kadjawi para padvinders.

Sareng anggènipoen ngentosi kinten-kinten sampoen wonten 20 menit dangoenipoen, padvinders katingal malih dateng saking wétan, ngatjarani motor titihanipoen Rama ingkang sampoen dangoe sami dipoenadjeng-adjeng. Sasampoenipoen Rama Pastoer kekalih kaatoeran pindah ing motoripoen K. W. Moentilan ingkang rinengga saé sanget, pengadjenging padvinders, soeka sasmita mawi gendéra, arak-arakan mangkat malih, lampahipoen kadamel sasekétjanipoen, kados-kados nedija nedahaken genging manah dateng para ningali ing saoeroeting margi. Dwadja ageng rerengganing motor saking katebihan katingal pating klabet, kados-kados ngawé-awé tijang-tijang ingkang taksih sami wonten èmpèring grijanipoen kapoerih medal dateng margi perloe tjaos pakoermatan dateng pandjenenganipoen Padoeka Rama Pastoer Djawi kekalih. Sareng lampahipoen arak-arakan sampoen doemoegi margi ingkang ménggok ngalèr dateng Pastoeran, lampahipoen padvinder dipoensengkakaken djalaran minggah, panggendjoting pit dipoenrosani, oelating padvinders, sami katingal sereng, mratandani mantep sanget déné kapilih metoekaken pangènipoen. Sondèring padvinders kaboer ngiwa nengen, pating kalèbèt, kados-kados sami soeka sasmita dateng para moerid H. I. S. Normaal lan Kweekschool ingkang sami sadija, baris adjadjar wonten margi mlebeting dateng Pastoeran, bilih Sang Wikoe kekalih mèh badé rawoeh. Sareng para moerid toewin kadang Katholiek (Parochianen) soemerep motor titihanipoen Rama Pastoer Djawi, soerak[2] mawoerahan. Warga W. K. lan K. W. ingkang sami ndèrèk nggarebeg rawoehipoen Sang Pangèn oetami, mongkok manahipoen mireng soerak, ambal-ambalan. Sapoenika Padoeka Rama kekelih sampoen tedak saking motor, tindak minggah èmpèring pandapa Pastoeran, motor ingkang wingking pijambak taksih wonten ing sakilèn Hospitaal. Tjekaking tjarijos sareng para pangiring sampoen doemoegi ing Pastoeran, ladjeng ngangseg madjeng, nglempak dados satoenggal wonten sangadjeng pandapa; Pater Rector, atoer pambagja soegeng rawoeh atas namaning sadèrèk Katholiek ing sakoekoeban Moentilan, sarta njoewoenaken barkah. Sapoenika sadaja sadèrèk katholiek, ageng alit nèm miwah sepoeh, djaler toewin èstri, gadepek-sreg, mapan djèngkèng sesarengan ladjeng binarkahan ing Rama kekalih gentos-gentos. Kita tijang Katholiek roemaos begdja sanget, sarta matoer noewoen ing Goesti déné kapareng nampi barkahing Imam ingkang sapisanan. Salebaripoen paring barkah, Rama kekalih tindak dateng Gérdja teroes lof ageng (drie heeren: Pater Djaja, Pater Soekiman lan Frater Soegijana). Rerenganing Grédja St. Antonius toewin menjanjian Tedeum lsp. boten kirang saé.

Éndjingipoen dinten Senèn tanggal 2 Sèptember Mis ageng (3 Heeren Djawi sedaja) ingkang ngoendjoekaken koerban Mis Soetji Pandjenenganipoen Rama Djajasepoetra, mèh sadaja tijang katholiek ndèrèk Mis. Anggènipoen sembahjang katingal sami semadi sanget, nglangkoengi adatipoen.

Bakda Mis, djam 9.30 receptie wonten ing Panti soeka Normaalschool. Pandjenenganipoen Heer R. Djajaatmadja atoer pambagija soegeng rawoeh atas namaning sadèrèk Katholiek Moentilan sadaja sarta atas namaning pakémpalan[2] ingkang madegipoen nalika Pandjenenganipoen Rama kekalih wonten ing Nagari Walandi. Ladjeng gentos-gentos para moerid nglahiraken soeka gambiranig manah, saben-saben sinelan ing soerak, binaroeng ing gangsa, sinamboeng menjanji toewin orkest, sadaja saé tanpa koetjiwa. Voorzitter W. K. Mevrouw Widijasoejana oegi medar sabda, sarta tjaos tanda mripat warni ruikertje saklangkoeng éndah, sarta boetelan (koela boten soemerep poenapa isinipoen). Voorzitter poenika katingal sanget gambiraning manahipoen, pratanda tandang-tandoekipoen lan solah bawanipoen sarwa sigrak, pangandikanipoen tanpa telas-telas, swara tjeta sora, paketjapan trampil, tjekakipoen saé sanget, pantes ingalembana. Sabibaripoen Pakoermatan Para Goeroe sagarwa poetra kepareng sowan wonten ing pandapa malih, kalilan noetoegaken anjoeba-njoeba Pandjenenganipoen Rama kekalih sinambi ses sroetoe toewin ngoendjoek. Djam 11 bibar asowang-sowang

Saking pangadjeng-adjengipoen salah satoenggaling pangrèh K.W. Moentilan ingkang kados kasebat ing nginggil poenika waoe sageda dados tata tjara, saben wonten Pastoer Djawi rawoeh kapetoeka lan kinoermatana kados déné bangsa Islam metoek toewin ngoermati tijang toeroen minggah kadji.

*K. W. Moentilan.*

### KATOER DATENG RAMA REDACTEUR LAN PARA PAMBATANG.

Pinangkoer wedaring nala
Kang soesetia mring ndjeng Rama
soemiwi
Tjangkriman amba kang pingoel
Akarja pambidoenging tyas,
Pra moeda kang koematjèloe antoek
boekoe
Lamoen toehoe pambatangnja,
Nging tan ana mijatani.

Kanemira datan mantra
Toewas-toewas pra samia ngoelir
boedi,
Pra pametja ajwa getoen
Toch amba misih sambada,
Joen arsa memangoen soekaning
kalboe
Minangka srana narboeka
Miwah sing adrenging kapti.

Nahenta sroe pamintamba
Nadian kawistara woes datan bang-
kit;
Poeara ndjeng Rama sardjoe,
Angoendi ing antaranja,
Silih ingkang darbé djaja kasadipoen,
Paringken boekoe poenika;
Bagyardja *Toetiboedhiati.*

*
* *

Batangan no. 1 t/m 3 katah ingkang boten mlèsèd, nanging Batangan no. 4 lan 5 poenika makaten:

Maos pakabaranipoen.

Tampi rekeningipoen. (kapoerih mbajar abonnementsgeld).

Matoer sanget noewoen para sadèrèk ingkang merlokaken lan nggatosaken sanget dateng serat kabar Sw. Tm. *)

*Toetiboedhiati.*

*) Noot Redactie. Tjalonipoen badé dipoenoendi toemrap I. sdr. abn. 210, II. sdr. Moeljadi, III. sdr. abn. 722, IV. sdr. abn. 556 lan V. sdr. abn. 341 (sdr. abn. 729 boten toemoet). Sinten ingkang menang, badé dipoenkintoeni prisipoen.